

Lekòl Primè
Manyèl pou Fanmi

2021-2022

asc^end
PUBLIC CHARTER SCHOOLS

Chè fanmi ak responsab legal:

Nan non konsèy administrasyon, pwofesè, ak pèsònèl ki nan Ascend Public Charter Schools, mwen swete nou byenvini! Nou rekonèt ou te gen chwa sou kote pou enskri elèv ou a – youn (1) nan desizyon ki pi enpòtan w ap gen pou pran kòm paran oswa responsab legal – epi nou onore paske w chwazi Ascend Public Charter Schools. Chwa w la reprezante konfyans ou gen nan nou, epi nou angaje n ak tout fòs nou pou kenbe konfyans ou.

Nou pa ka tann pou nou travay avèk ou pou reyalize vizyon ekselans nan edikasyon nou gen pou chak elèv, poutèt sa nou konprann sipò w esansyèl pou nou reyisi. Rechèch yo montre yon fason ki klè lyen ki genyen ant enplikasyon fanmi ak rezilta akademik elèv yo, epi n ap chèche eksplwate pouvwa sa a pou reyalize tout potansyèl chak timoun.

Kòm premye etap pou konstrui yon kominote elèv ki fò, nou te prepare Manyèl pou Fanmi sa a, ki detaye atant, politik, ak pwosedi nou yo. N ap jwenn enfòmasyon enpòtan sou patisipasyon fanmi, règleman ak woutin lekòl la, politik nou sou kesyon disiplin ak jesyon konpòtman, ak plis ankò.



Li esansyèl pou kenbe tout fanmi ak pèsònèl Ascend yo responsab pou gwo atant ki dekri nan manyèl sa a pou kreye yon anviwònman aprantisaj ki san danje epi ki gen lòd, ki reponn ak estanda akademik ki pi gwo yo. N ap mande w pou li avèk anpil atansyon Manyèl pou Fanmi a epi kontakte lekòl timoun ou a si w gen nenpòt kesyon sou atant nou pou fanmi, elèv, ak pèsònèl Ascend Public Charter Schools.

Yon lòt fwa, mèsi paske w chwazi Ascend Public Charter Schools. Nou gen yon ane eksitan ak pwodikatif k ap tann nou!

Ak tout kè mwen,

Danique Day
Direktris Jeneral lekòl la

Sa ki nan Manyèl la

Misyon nou	7
Angajman Ascend pran nan kesyon divèsite, ekite, enklizyon epi kont rasis	7
Kontra aprantisaj la	8
Angajman paran oswa responsab legal yo	8
Angajman Pwofesè yo	9
Angajman elèv yo	10
Edikasyon nan Ascend Public Charter Schools	10
Yon chemen pou ale nan inivèsite	10
Patisipasyon fanmi an	11
Pataj Enfòmasyon	11
Mezire satisfaksyon	11
Kominikasyon, konferans, bilten nòt	11
Vizit nan lekòl la	12
Asosyasyon fanmi	12
Kalandriye pou klas Jaden danfan jiska 8 ane	14
Orè fonksyònman lekòl la pou ane akademik lan	15
Rive	15
Lekòl lage	16
Fason pou vin chèche timoun yo lè lekòl lage	16
Elèv ki mache lakay yo poukont yo	16
Lè yo vin chèche timoun yo anreta	16
Lè yo vin chèche elèv yo anvan lè	16
Prezans	16
Esperans	17
Rezon ki fè ou absan	17
Pwotokòl kominikasyon pou prezans	18
Reta	19
Fèmte lekòl/kòmanse anreta	20
Règleman pou devwa	20
Lekti chak jou	20
Règleman pou inifòm	20
Inifòm	21
Soulye	22
Bagay pou kouvri tèt ak cheve	22
Lòt rad ak akseswa	22
Inifòm espesyal	22
Telefòn selilè ak aparèy elektwonik ki pèsònèl	23
Transpò	23
Sèvis bis jòn - elèv ki nan edikasyon jeneral yo	23
Sèvis otobis jòn - elèv ki nan edikasyon espesyalize yo	24
Transpò pou elèv ki nan fwaye dakèy yo	24
Konpòtman nan bis la	24

Repa	25
Manje yo pa gen dwa pote nan lekòl la	25
Manje midi ak ti goute ki bon pou lasante nou sigjere	25
Enskripsyon, kite, ak double yon klas	26
Kite epi retounen enskri	26
Double yon klas	26
Pwosedì ak règleman pou lasante	26
Kondisyon	26
Règleman pou maladi avèk eksklizyon	27
Maladi moun ka transmèt	27
Ascend distribiye medikaman an	27
Pran medikaman poukont ou (klas 5yèm jiska 12yèm ane sèlman)	27
Règleman sou timoun nou sispèk yo fè abi sou yo ak rapò ki obligatwa	28
Pwosedì dijans	28
Moun pou kontakte si ta gen yon ijans	28
Aksidan	28
Kòd disiplinè	28
Filozofi disiplin	28
Mezi disiplinè	30
Yon ti nòt sou entegrite akademik ak zak malonèt nan lekòl la	30
Kòd Kondwit	31
Kategori I vyolasyon konpòtman	31
Kategori II vyolasyon konpòtman	32
Kategori III vyolasyon konpòtman	33
Lwa pou pa gen zam nan Lekòl yo	35
Konsekans nan salklas	35
Retire nan salklas la/voje bay asistan direktè lekòl la oswa direktè lekòl la	36
Sipò anplis apre lekòl	36
Sispansyon	36
Sispansyon pou mwatye jounen	36
Pwosedì epi pwosedì regilye pou sispansyon akoutèm	37
Pwosedì epi pwosedì regilye pou sispansyon ak ekspilsyon alontèm	37
Pwovizyon pou enstriksyon ki fèt pandan ranvwa a	38
Disiplin pou elèv ki andikape yo	39
Pwovizyon pou sèvis pandan ranvwa a	39
Pwosedì regilye adisyonèl (revizyon detèminasyon manifestasyon - MDR)	40
Elèv ki genyen yon plan 504 epi se elèv "yo konsidere yo konnen"	40
Respekte kondisyon IDEA nan kesyon fouye timoun	40
Chatiman kòporèl	41
Pwosedì Fouy	41
Plent	41
Plent ki enfòmèl	41
Plent ki fòmèl	42
Fason yo dakò pou itilize teknoloji ak entènèt	43
Itilizasyon entènèt	43
Kont elèv yo	44
Filtraj	44
Fason yo pa dakò pou itilize teknoloji	44
Dega, Pèt, ak Vòl	44
Pa rive respekte gid teknoloji yo	45
Siveyans	45
Rapèl	45
Imèl	45

Medya sosyal	46
Pwoteksyon jeneral	46
Nou pa fè diskriminasyon	47
Règleman sou diyite pou tout elèv yo	47
Règleman pou Sipò Elèv Transjan ak sa ki divèsifye yo	48
Elèv ki nan lojman tanporè yo	51
Distribisyon materyèl ki pa gen okenn rapò ak lekòl la	52
Lwa sou reyinyon Konsèy la ak Reyinyon ki Ouvri a tout kouch yo	53
Lwa sou Dwa pou Edikasyon Fanmi ak Lwa sou Vi Prive (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) - Avi pou Rejis Enfòmasyon	53
Lwa sou Dwa pou Edikasyon Fanmi ak Lwa sou Vi Prive (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) - Notifikasyon sou Dwa	54
Vi prive ak sekirite pou done elèv ak pwofesè epi done direktè lekòl la	56
Règleman ki pou Lwa sou Libète Enfòmasyon (Freedom of Information Law, FOIL)	62
Tit I Règleman sou Angajman Paran ak Fanmi nan Lekòl la	63
Politik Angajman pou Paran ak Fanmi	63
Disponiblite Règleman an pou paran yo ak evalyasyon anyèl la	63
Asistans ak sipò Teknik	64
Tit I dwa paran lekòl la genyen pou yo konnen	64
Adrès Lekòl Ascend Public Charter Schools yo	65
Lekòl Primè	65
Lekòl Entèmedyè:	66
Lekòl Segondè	66

Misyon nou

Misyon Ascend Public Charter Schools se pou li bay chak elèv konesans, konfyans, ak karaktè nesèsè pou reyisi nan inivèsite ak pi lwen toujou. Pandan n ap ofri yon edikasyon atistik liberal nan yon bon anviwònman, nou anime sans kiryozi natirèl lakay timoun yo epi nou prepare elèv yo pou yo panse poukont yo, epanouyi pou kont yo, ak angaje yo nan mond lan tankou sitwayen enfòmè ak responsab.

Angajman Ascend pran nan kesyon divèsite, ekite, enklizyon epi kont rasis

Yo mete Ascend Charter Schools yon fason ki volontè nan Brooklyn, New York. Elèv, fanmi, pwofesè, ak pèsònèl yo ini nan misyon pou bay elèv yo konesans, konfyans ak karaktè yo bezwen pou reyisi nan kolèj ak pi lwen toujou. Nou konsantre sou divèsite, ekite, enklizyon, ak antirasis (DEIA) ki esansyèl pou reyalize misyon sa a epi nou chèche reprezante angajman sa a nan tout sa a n ap fè.

Nou kwè manm pèsònèl yo dwe fenèt ak miwa pou elèv nou yo, ki reflekte alafwa moun ki pataje menm orijin ak etidyan nou yo menm jan ak moun ki gen eksperyans lavi ki diferan. Kèlkeswa orijin yo, angajman nou se pou chak manm ekip nou an sou menm liy sou kesyon nesèsite ak ijans travay sa a konsa n ap kapab byen plase pou bay etidyan yo eksperyans aprantisaj ki rich, reflechi, ak estrik ki onore, reflekte ak selebre tout idantite nou yo, devlope ajans yo ak favorize yon panse endepandan konsa yo kapab devlope poukont yo epi angaje nan mond lan tankou sitwayen enfòmè ak responsab. Nou sèvi tout elèv nan kominote nou an, kèlkeswa bezwen yo, epi nou angaje nou pou reyisit eskolè yo ak devlopman sosyo-emosyonèl yo.

Nou konnen nou pi efikas nan misyon nou an lè nou ankouraje kolaborasyon nan mitan kominote nou an. Nou chèche kraze mi ki gen nan mitan òganizasyon an pou nou kapab eksplwate diferan pwendvi, leve defi ak sipòte transparans. Gras ak kominikasyon epi kolaborasyon nou mobilize elèv yo ak fanmi yo yon fason ki enpòtan, konsa chwa nou yo kapab byen enfòmè epi n ap konprann pi byen eksperyans ak pèspektiv yo.

Nou konprann angajman nou nan DEIA se yon travay ki la pou tout tan epi l ap bezwen kontinye grandi ak devlope. Pou sipòte devlopman sa a, nou angaje nou yon fason ki volontè nan yon pakou aprantisaj kolektif, pandan n ap bay manm pèsònèl la fòmasyon, konpetans ak resous yo bezwen pou yo kapab konkretize angajman Ascend DEIA. Menm si nou tout gen orijin diferan epi nou te kòmanse yon kote ki diferan, nou bay tèt nou ak lòt moun defi pou yo goumen kont kompleksite ki gen nan travay sa a epi aksepte enkòfò an. Vwayaj sa a mande pou nou ogmante pasyans ak gras nou gen youn pou lòt.

Nou poze sistèm ak estrikti ki anndan ak deyò sal klas la kesyon pou asire nou li ekite, enklizif, ak jis. Epiou n ap chèche deranje yon fason ki antisipe sistèm ak estrikti opresif ki istorikman defavorize elèv yo ak fanmi yo. Nou kenbe nou youn lòt responsab pou nou kapab defansè san nou pa rete espetaktè nan angajman nou pran pou sèvi elèv nou yo.

Travay nou pou nou kapab vini yon òganizasyon ki pi divèsifye, ekite, enklizif ak antirasis ap kontinye, men n ap konnen Ascend ap fè pwogrè lè:

- divèsite, ekite, enklizyon ak antirasis entegre nan tout sa n ap fè, epi nou gen yon sistèm mezi ak responsabilite ki klè ak resous ki la pou fè travay sa a avanse;
- tout elèv, fanmi, pwofesè ak pèsònèl la gen santiman yo fè pati yon kominote epi yo santi yo

valorize, yo an sekirite, yo sipòte epi yo akeyi yo.

- yo mande elèv yo pou yo kenbe yon atant elve ki ekilibre ant responsabilite, respè, ak lanmou;
- Ekip la ap devlope yon fason ki aktif mantalite ak konpetans DEIA ki pèmèt yo sèvi ak soutni elèv ki nan pi wo nivo yo ak kreye espas ki pèmèt elèv yo defann tèt yo ak kouraj.
- Gen kominikasyon ak aksyon ki gen transparans ak koyerans; ak
- tout sistèm, pwosesis, ak politik yo pa gen prejije epi yo reflekte divès kwayans, vwa, ak eksperyans kominote Ascend lan.

Kòm manm ekip Ascend, pwofesè ak pèsònèl nou yo angaje yo nan travay enpòtan sa a konsa yo ka pi byen pozisyon pou akonpli misyon nou an, deranje ak kraze sistèm opresyon ki gen enpak sou fanmi nou yo, epi sèvi kòm ajan pou chanjman radikal pou kreye pi bon rezilta pou elèv nou yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou angajman nou ak DEIA ak travay k ap fèt yo, vizite sit entènèt nou an nan <https://www.ascendlearning.org/diversity-equity-inclusion-and-anti-racism/>

Kontra aprantisaj la

Kontra aprantisaj Ascend Public Charter Schools detaye kèk responsabilite ki pi enpòtan pou yon manm kominote Ascend lan. Pou elèv yo kontra a bay yon lide sou kisa sa vle di lè w se yon elèv nan Ascend. Pou fanmi yo, kontra a dekri kèk fason ou kapab bay sipò w nan devlopman timoun ou a nan lekòl la. Kontra a bay detay sou angajman chak pwofesè k ap travay san kanpe pou bay elèv yo yon anviwònman aprantisaj ki san danje epi ki gen lòd kote yo kapab reyisi etid yo.

Angajman paran oswa responsab legal yo

1. Prezans. Mwen ap fè tout sa m kapab pou asire m timoun mwen an prezan nan lekòl la chak jou.
2. Rive alè. Mwen ap fè tout sa m kapab pou asire m timoun mwen an rive nan lekòl la alè chak jou. Si elèv mwen an ap pran bis, mwen ap fè tout sa m kapab pou asire m li rive alè nan estasyon bis lan.
3. Ranvwa Si yo pase pran timoun mwen an nan lekòl la, m ap asire m gen yon adilt responsab mwen chwazi ki la pou pase pran timoun mwen an byen rapid lè lekòl lage a. Si timoun mwen an bezwen rete aprè lekòl la pou leson patikilye oswa ale lekòl lè Samdi, se responsabilite m pou òganize transpò pou timoun mwen an pou l ale ak tounen lekòl la.
4. Inifòm ak repo. Mwen ap ede timoun mwen an demontre li pare pou aprann epi respekte tèt li ak kominote nan lekòl la pandan m ap voye timoun mwen an lekòl avèk yon inifòm Ascend ki pwòp epi konplè. Si timoun mwen an rive nan lekòl la san kèk pati nan inifòm li an, mwen konprann yo ka mande m pou m pote inifòm timoun lan nan lekòl la oswa lekòl la kapab prete timoun mwen an pyès ki manke nan inifòm nan. M ap asire m timoun mwen an byen repoze epi pare pou lekòl la.
5. Devwa ak yon espas trankil Mwen konprann timoun mwen an ap gen devwa. M ap verifye si timoun mwen an fè devwa li yo nan pi bon fason li kapab. M ap fè efò pou m bay timoun mwen an yon

espas ki kalm, epi ki la pou etid chak swa yo, san televizyon, jwèt videyo, oswa distraksyon.

6. Lekti chak jou Chak swa, li gen ladan l wikenn yo, timoun mwen an ap li, oswa m ap li pou yo, pandan omwen 30 minit.
7. Kominikasyon. Lè lekòl la rele m ap remèt li apèl la pi vit posib. M ap bay lekòl la yon nimewo telefòn ak yon adrès imèl ki mache epi m ap enfòmè lekòl la si nimewo telefòn, adrès imèl, oswa adrès lapòs mwen chanje. M ap li tout avi ki sòti nan lekòl la epi m ap reyaji byen rapid. M ap mete tèt mwen disponib pou timoun mwen an pou pwofesè li yo ak responsab lekòl li yo.
8. Reyinyon paran M ap asiste tout reyinyon paran ki obligatwa nan lekòl la oswa, nan ka kote gen yon konfli nan orè a, m ap enfòmè lekòl la epi m ap ranje m pou m jwenn enfòmasyon nan yon lòt fason.
9. Valè ak règleman lekòl la. Mwen konprann valè lekòl la epi m ap asire m timoun mwen an respekte yo. Mwen konnen timoun mwen an dwe respekte règleman yo pou pwoteje sekirite, enterè, ak dwa tout manm kominote lekòl lan. M ap toujou sipòte lekòl la nan efò l ap fè pou ranfòse estanda yo nan kesyon konpòtman, sitwayènte, ak aprantisaj akademik lan. Mwen konnen pitit mwen an ap pèdi privilèj li yo oswa l ap gen pou fè fas ak konsekans disiplinè, li gen ladan l sispanasyon oswa ekspilasyon, si yo vyole règleman lekòl la oswa yo pa respekte valè li yo.
10. Respè ak sipò M ap respekte ak sipòte tout elèv ak pwofesè nan Ascend Public Charter Schools. M ap yon modèl pou timoun mwen an pandan m ap respekte ak sipòte chak moun nan kominote lekòl la nenpòt kilè.
11. Pi bon jefò posib. M ap fè tout sa mwen dwe fè pou timoun mwen an aprann, epi m ap ede l, nan pi bon fason mwen konnen, pou fè siksè nan lekòl la. Mwen pa pral chèche eskiz pou travay akademik oswa konpòtman timoun mwen an.
12. Responsabilite M ap pataje responsabilite pou siksè timoun mwen an avèk lekòl la.

Angajman Pwofesè yo

1. Patisipasyon ak rive alè. M ap rive lekòl la alè chak jou. Chak minit enstriksyon gen valè. Nan sitiyoasyon kote m ap anreta oswa absan, m ap respekte pwosedi ki ede lekòl la asire l chak timoun resevwa bon jan enstriksyon chak jou.
2. Misyon. Mwen enskri nan misyon lekòl la epi mwen pral travay san kanpe pou reyalize yo. Mwen angaje m pou m prepare chak elèv pou admisyon ak reyisit yo nan inivèsite ak pi lwen toujou.
3. Pi bon jefò posib. M ap toujou ofri elèv mwen yon pi bon bagay mwen kapab bay kòm pwofesè epi m ap fè tout sa mwen kapab pou yo aprann. Mwen pa pral chèche eskiz pou tèt mwen, pou elèv yo oswa pou kòlèg mwen yo.
4. Preparasyon. M ap toujou soumèt plan kou ak lòt dokiman yo alè epi m ap prepare l nèt chak jou pou elèv ak kòlèg mwen yo.

5. Respè ak sipò M ap apresye, respekte ak sipòte chak elèv. M ap yon modèl pou elèv mwen an pandan m ap respekte ak sipòte chak moun nan kominote lekòl la nenpòt kilè.
6. Kominikasyon. M ap kominike regilyèman avèk paran oswa responsab legal yo konsènan pwogrè timoun yo epi mete tèt mwen disponib pou elèv ak fanmi yo an pèsòn, pa imèl, ak nan telefòn. M ap remèt tout apèl, mesaj tèks, ak imèl ki sòti nan fanmi yo pi vit posib.
7. Valè ak règleman lekòl la. M ap respekte valè lekòl la epi m ap aplike règleman sa yo yon fason regilyè ak jis.
8. Yon kominote ki san danje. M ap toujou pwoteje sekirite, enterè, ak dwa tout elèv ak manm pèsònèl la.
9. Responsabilite M ap travay pou tout elèv mwen yo reyisi.

Angajman elèv yo

1. Patisipasyon ak rive alè. M ap rive lekòl la alè chak jou. Si mwen dwe anreta oswa absan, m ap reprann tout devwa mwen te rate yo.
2. Pi bon jefò posib. Edikasyon m enpòtan pou mwen. Aprann se travay mwen. M ap toujou travay, panse ak konpòte m pi bon fason mwen konnen. M ap fè tout sa mwen dwe fè pou reyalize l. M ap pi bon "mwen menm" mwen kapab nenpòt kilè epi mwen p ap chèche eskiz pou tèt mwen oswa pou kamarad mwen yo.
3. Devwa. M ap fini tout devwa ak lekti mwen yo chak swa nan pi bon fason mwen kapab. Mwen p ap chèche eskiz pou m pa fè yo.
4. Inifòm. M ap mete inifòm eskolè chak jou epi m ap asire m yo pwòp ak konplè.
5. Kominikasyon. M ap patisipe nan diskisyon nan klas la epi m ap kominike avèk pwofesè, kamarad, ak responsab lekòl la yon fason ki klè epi ak respè. M ap tandè ak atansyon epi m ap suiv tout enstriksyon yo. M ap leve menm pou mande èd lè mwen pa konprann yon bagay oswa m ap mande kamarad mwen yo èd si sa nesesè.
6. Valè ak règleman lekòl la. M ap suiv règ lekòl la epi m ap respekte valè lekòl la. M ap pwoteje sekirite, enterè, ak dwa tout kamarad mwen yo. Si m pa respekte angajman sa yo, li gen ladan l si m pa respekte règleman lekòl la, mwen konprann mwen ka pèdi privilèj nan lekòl la oswa fè fas ak konsekans lojik yo.
7. Respè ak sipò M ap respekte chak elèv ak adilt nan kominote eskolè a pandan m ap trete yo fason mwen vle yo trete m.
8. Responsabilite Mwen responsab konpòtman ak reyisit mwen. Si mwen fè yon erè, m ap pran responsabilite m pou aksyon yo epi m ap di verite.

Edikasyon nan Ascend Public Charter Schools

Yon chemen pou ale nan inivèsite

Nan Ascend Public Charter Schools, elèv ou a sou chemen pou ale nan inivèsite nan moman l rantrè pou premye fwa nan bilding nan, paske nou rekonèt inivèsite a se yon etap enpòtan pou reyisi vi adilt ou. Menm si moun kapab fè siksè nan lòt wout, pou pifò moun, inivèsite a se premye chemen ki nesèsè pou yon karyè ki rich. Yon diplòm inivèsite bay yon baz solid ki nesèsè pou grandi sou mache dinamik ak mondyal jodiya.

Rantrè nan inivèsite se yon travay difisil, pou timoun ou a kapab admi l ap mande yon angajman total, sipò regilye w, ak ekspètiz ak konsèy pwofesè li yo. Pwogram nou an fèt espesifikman pou prepare timoun yo pou inivèsite, epi menm si se yo k ap fè chwa pou yo rantrè nan inivèsite, n ap prepare yo pou yo gen chwa sa a ki disponib pou yo.

Patisipasyon fanmi an

Ascend se yon lekòl chwa, sa ki vle di siksè nou depann sou satisfaksyon fanmi yo. Nou rekonèt ou te chwazi lekòl nou an pou timoun ou a, poutèt sa ou mete konfyans ou nan nou. Nou angaje nou pou kenbe konfyans sa a pandan n ap ofri timoun ou a yon edikasyon eksepsyonèl ak pandan n ap favorize patenarya ki solid avèk ou. Nou apresye tan ak enèji ou mete nan edikasyon timoun ou a epi nou kontan pou angajman aktif ou genyen sou kanpis la ak deyò.

Lè w aksepte gwo estanda ki nan kè pwogram nou an, ou pran yon etap esansyèl pou sipòte pwogrè ak devlopman akademik timoun ou a. Nou ankouraje w pou kontinye sipòte aprantisaj timoun ou a pandan w ap patisipe aktivman nan lavi kominotè lekòl la ak pandan w ap pataje ide ak enkyetid ou yo yon fason ki ouvè.

Pataj Enfòmasyon

Lekòl la voye bilten enfòmasyon chak peryòd pou fanmi yo, kote li kouvri devlopman nan lekòl la, opòtinite pou fanmi yo enplike, epi fè yo sonje fason espesifik fanmi yo kapab sipòte siksè akademik timoun yo.

Detanzantan yo konn òganize fowòm pou fanmi nan lekòl la pou enfòmè paran oswa responsab legal yo sou atant lekòl la, pwogram, politik, ak pwosedi yo; pou angaje fanmi yo nan kreyasyon yon kominote nan lekòl la ki fò ak yon kilti dinamik pou reyisit; ak pou ofri manm fanmi an yon fowòm òganize pou yo pataje ide ak enkyetid pou rezoud pwoblèm yo.

Lekòl la angaje l pou l asire yon tretman efikas pou tout kominikasyon lekòl la resevwa, kòmantè fanmi, demann enfòmasyon, ak enkyetid yo jwenn yon pi gwo atansyon.

Menm jan administrasyon lekòl la bay anpil enpòtans epi trete byen rapid, kòmantè, kritik, ak plent kominote a, menm si li alekri oswa li nan bouch. Nou fè tout sa nou kapab pou retounen tout apèl nan yon peryòd 24 èdtan, epi nou trete apèl ijans yo imedyatman.

Mezire satisfaksyon

Lekòl la fè yon sondaj sou satisfaksyon fanmi yo omwen yon fwa pa ane epi li patisipe nan sondaj sou anviwònman aprantisaj NYCDOE, yon fason pou li pèmèt paran oswa responsab legal yo endike satisfaksyon yo gen pou lekòl la. Epiou, nou mande paran oswa responsab legal ki chwazi retire elèv yo a nan lekòl la pou yo patisipe nan yon entèvyou pou sòti oswa pou yo konplete yon sondaj pou detèmine rezon ki fè yo retire timoun nan. Nou angaje nou pou kontinye amelyore lekòl nou yo.

Kominikasyon, konferans, bilten nòt

Yon kominikasyon ki fèt souvan epi ki ouvè ant fwaye ak lekòl la ede fè lyen ant elèv, fanmi, pwofesè ak responsab lekòl la an yon ekip efikas epi ki gen yon lyen ki fò.

Yo planifye konferans fanmi avèk pwofesè yo an ivè ak nan prentan. Yo mande pou paran oswa responsab legal la asiste nan tout konferans yo. Anplis si li nesèsè sou demann paran oswa responsab legal la oswa lekòl la yo ka òganize konferans.

Yo distribiye bilten nòt yo de (2) fwa pa ane nan fen chak trimès, epi yo distribiye rapò sou pwogrès yo de (2) fwa pa ane nan mitan chak trimès. Bilten nòt la gen ladan l nòt an chif elèv la pou chak sijè, fich prezans, ak kòmantè pwofesè a. Anplis, li gen ladan l yon kòmantè somatif konsènan efò, pwogrès, ak konpòtman elèv la.

Vizit nan lekòl la

Nan Ascend, nou swete pou manm fanmi an santi l byenvini ak alèz nan bilding lekòl la, epi nou ankouraje fanmi yo pou yo patisipe yon fason ki aktif nan lavi nan lekòl la. Poutèt sa, nou ouvè pòt nou ak kè kontan pou vizit paran ak responsab legal yo depi pwotokòl sante piblik ak sante a pèmèt li. Nan ka kote yo pa kapab, nou envite fanmi yo pou rankontre ak dekouvri lekòl nou yo vityèlman.

Pandan n ap travay pou gen plis ouvèti ak patenarya avèk fanmi yo, nou dwe ekilibre priyorite sa yo ak bezwen nou genyen pou pwoteje ak anpil enèji tan enstriksyon an, pandan n ap fè tout sa nou kapab pou pwofesè ak elèv yo benefisye yon anviwònman aprantisaj ki san distraksyon ak entèripsyon. Poutèt sa, menm si vizit nan lekòl la toujou byenvini nenpòt kilè, li nesèsè pou pran yon randevou alavans si manm fanmi a swete vizite yon sal klas pandan gen yon kou k ap fèt, oswa rankontre avèk yon manm espesifik nan pèsònèl la, sa kapab fèt lè w kontakte lekòl la dirèkteman. Anvan vizit nan sal klas la, yon manm nan ekip ki responsab lekòl la oswa ekip operasyon an ap akeyi manm fanmi a epi l ap rewè yon pwotokòl obsèvasyon pou sal klas la avèk fanmi k ap vizite a.

Pou yo kapab sèten ak an sekirite, adilt ki pa manm pèsònèl lekòl la epi k ap vizite lekòl la pandan gen kou dwe enskri nan biwo sekirite a epi deklare sa yo vin fè nan lekòl la. Ajan sekirite a transmèt enfòmasyon sa a nan biwo lekòl la; si yo apwouve l, chak vizitè resevwa yon ti kat epi yo mennen l kote li prale a. Nou konseye pw rele alavans pou regle bagay sa yo. Adilt yo pa kapab pwomennen jan yo vle nan lekòl la nenpòt kilè.

Asosyasyon fanmi

Asosyasyon Fanmi nan Ascend ofri yon pakèt opòtinite pou fanmi yo kontribiye pandan y ap bay tan ak talan yo nan lekòl la, pou fè pwomosyon lekòl la nan kominote an, ak kòlekte fon pou fè objektif lekòl la avanse.

Asosyasyon Fanmi an gen kat (4) objektif:

1. Fasilite kominikasyon ant paran oswa responsab legal la ak ekip ki responsab lekòl pandan l ap òganize ak sipèvize sware yo avèk direktè a, fè dyalòg ki pa ofisyèl epi diskite sou pakèt sijè Asosyasyon Fanmi an planifye.
2. Ofri elèv yo opòtinite sosyal, kiltirèl ak devlopmanal pandan y ap kolekte fon pou kouvri yon pati nan aktivite ki fèt aprè lekòl, lè wikenn, epi ki pa nan pwogram lekòl la tankou sòti an fanmi ak opòtinite pou fè benevola deyò lekòl la.
3. Pou fasilite entèraksyon ant fanmi yo atravè evènman sosyal, resous pataje (sètadi, pataj machin, pran yon moun an ijans, ak gad timoun pandan yon reyinyon ak evènman yo).
4. Bay yon estrikti pou benevola nan fanmi an nan wòl tankou brigadye eskolè, kowòdonatè aktivite aprè lekòl epi/oswa siveyan nan rekreyasyon.

Kalandriye pou klas Jaden danfan jiska 8 ane

16-17 Out	Oryantasyon lekòl; kèk klas (lekòl lage a 1:00 p.m.)
18-20 Out	Oryantasyon lekòl; tout klas (lekòl lage a 1:00 p.m. chak vandredi)
23 Out	Jounen lekòl konplè kòmanse (lekòl lage a 1:00 p.m. chak vandredi)
6 septanm	Pa gen lekòl; Jou travay (Labor Day)
17 septanm	Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
11 oktòb	Pa gen lekòl; Jou Pèp Endijèn
22 oktòb	Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
2 novanm	Pa gen lekòl; Jou Eleksyon
4-5 novanm	Konferans elèv yo dirije (Lekòl lage a 1:00 p.m.)
11 novanm	Pa gen lekòl; Jou Veteran
24-26 Novanm	Pa gen lekòl; Jou Aksyon de Gras (Thanksgiving)
17 desanm	Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
20-31 desanm	Pa gen lekòl; Vakans Nwèl
3 janvye	Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
14 janvye	BACS, BAMS Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
17 janvye	Pa gen lekòl; Jou Martin Luther King, Jr
20-21 janvye	Konferans pou sèten fanmi (Lekòl lage a 1:00 p.m.)
28 janvye	BVLS, BVMS Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
4 fevriye	BWLS, BWMS Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
11 fevriye	CHACS Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
18 fevriye	Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
21-25 fevriye	Pa gen lekòl; Fevriye Vakans Mi-lvè
4 mas	CBACS, CBAMS Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
11 mas	CALS, CAMS Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
18 mas	1EFACS Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
25 Mas	EBACS Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
29-31 mas	Egzamen Eta ELA pou klas 3-8 ane
1ye avril	LGACS Elèv yo pa ale lekòl; Devlopman Pwofesyonèl
11-15 Avril	Pa gen lekòl; Vakans Prentan
21-22 avril	Konferans sou pwogrè (Lekòl lage a 1:00 p.m.)
26-28 avril	Egzamen Eta Matematik pou klas 3-8 ane
30 me	Pa gen lekòl; Jou Memoryal
9 jen	Lekòl lage a 1:00 p.m.
10 jen	Dènye jou ansèyman, lekòl lage a 1:00 p.m.
15-24 jen	Regents pou elèv nan klas 8 ane (Nou gen pou detèmine dat egzak yo)

Orè fonksyònman lekòl la pou ane akademik lan

Enstriksyon kòmanse a lè 8:00 a.m., lendi jiska vandredi. Tanpri, ale nan tablo ki anba a pou w ka konnen lè pou rive a ak lè lekòl lage a dapre chak sit.

	Lendi-Jedi		Vandredi	
	Lè pou rive a	Lè lekòl lage	Lè pou rive a	Lè lekòl lage
Brooklyn Ascend Lower School	7:30 A.M.	3:15 P.M.	7:30 A.M.	1:00 P.M.
Brownsville Ascend Lower School	7:30 A.M.	3:15 P.M.	7:30 A.M.	1:00 P.M.
Bushwick Ascend Lower School	7:30 A.M.	3:15 P.M.	7:30 A.M.	1:00 P.M.
Canarsie Ascend Lower School	7:30 A.M.	3:15 P.M.	7:30 A.M.	1:00 P.M.
Central Brooklyn Ascend Lower School	7:30 A.M.	3:15 P.M.	7:30 A.M.	1:00 P.M.
Cypress Hills Ascend Lower School	7:30 A.M.	3:15 P.M.	7:30 A.M.	1:00 P.M.
East Brooklyn Ascend Lower School	7:30 A.M.	3:15 P.M.	7:30 A.M.	1:00 P.M.
East Flatbush Ascend Lower School	7:30 A.M.	3:15 P.M.	7:30 A.M.	1:00 P.M.
Lefferts Gardens Ascend Lower School	7:30 A.M.	3:15 P.M.	7:30 A.M.	1:00 P.M.

Rive

Jounen lekòl la kòmanse avèk Rankont nan Maten an, ladan li genyen pwofesè prensipal yo ki bay bonjan enfòmasyon sou jounen k ap vini an epi yo angaje yo nan kèk aktivite kominotè pou devlopman. Li enpòtan anpil pou tout elèv yo nan plas yo epi pou yo kòmanse aprann pa pi ta pase 8:00 a.m. paske reta a genyen yon enpak sou pwòp preparasyon elèv yo epitou sa deranje sal klas la.

Elèv ki pran manje maten nan lekòl la ka rive nan lè rive ki endike anwo a men pa pita pase 7:50 a.m.

Manm pèsònèl lekòl la pa disponib anvan lè ki la pou pòt yo ouvè a. Ou pa ka depoze pitit ou anvan lè pòt nou louvri yo.

Lekòl lage

Nou te kreye pwosedi pou lekòl lage sa yo yon fason pou timoun yo soti san danje ep yon fason efikas.

Lendi jiska vandredi, elèv ki pa enskri nan yon pwogram leson aprè lekòl oswa pou anrichisman ap retounen lakay yo pandan lè lekòl lage a.

Fason pou vin chèche timoun yo lè lekòl lage

Pou sekirite pitit ou a, lekòl la kite elèv yo sèlman nan men moun ki idantifye sou lis pou vin chèche elèv yo ki deziyen kòm moun ki otorize pou vin pran timoun nan oswa moun paran/responsab legal la te otorize alekri pou sa anvan lè pou vin chèche timoun nan. Pa gen okenn eksepsyon pou règ sa a.

Si ou ta renmen ajoute moun ki apwouve pou vin chèche pitit ou a sou lis la, tanpri ranpli Fòm pou Otorize Moun Vin Chèche Elèv, siyen li epi retounen li nan biwo prensipal la. Tanpri sonje elèv yo pa gen dwa kite lakou lekòl la ak yon moun ki pa satisfè kondisyon minimòm laj la ki se 13 lane. Moun yo ka oblije montre idantifikasyon oswa prèv laj yo.

Elèv ki mache lakay yo poukont yo

Elèv ki nan klas jaden danfan rive nan katriyèm ane pa gen dwa mache lakay yo poukont yo. Si yon elèv gen yon pi gran frè oswa sè ki ale nan yon lekòl klas pi wo, paran yo toujou oblije bay yon lèt ki pa pèmisyon pou yo kite elèv ki nan pi piti klas la nan men frè oswa sè a.

Lè yo vin chèche timoun yo anreta

Nan fen chak jou lekòl, 15 minit apre lè lekòl lage, pwofesè a anrejistre non elèv yo pa te vin chèche yo nan Journal elèv yo te vin chèche an reta a. Y ap akonpanye elèv sa yo nan kote yo mennen elèv yo vin chèche an reta yo. Paran yo oblije siyen Journal elèv yo te vin chèche an reta a pou rekonèt reta yo.

Si yo vin chèche yon timoun twa (3) fwa nan yon trimès nou pral bezwen gen yon konferans ak paran/responsab legal la pou pale sou pwoblèm nan.

Lè yo vin chèche elèv yo anvan lè

Lè yo vin chèche elèv yo anvan lè sa deranje anviwònman aprantisaj la epi se ou sa nou dekouraje sa ak tout fòs. Pou asire lòd ki nesèsè nan fen jounen lekòl la, nou pa pèmèt yo vin chèche elèv yo anvan lè espesifik lekòl la mete yo (sètadi pandan bis lekòl yo ap tann pou lekòl lage). Nan yon sikonstans eksepsyonèl, tanpri kontakte lekòl la anvan ou vini pu pran pitit ou nan lekòl la anvan lè.

Prezans

Pou rete byen fèm nan wout inivèsite a, elèv ou a dwe ogmante opòtinite li genyen pou li aprann. Pwogram akademik nou an fòse elèv yo metrize nouvo materyèl chak jou. Lè yon elèv rate yon jou lekòl sa vin mete li dèyè lòt kamarad li yo. Fanmi yo dwe travay ansanm ak lekòl la pou asire elèv yo vini lekòl chak jou epi yo rive alè, sof pou sitiyasyon ki pi eksepsyonèl yo. Absanteyis (rate jou lekòl

san okenn ekskiz ki valab) oswa absanteyis kwonik ap anpeche pitit ou a fè pwogrè.

Esperans

- Nan Ascend, nou tout ap goumen pou nou ka jwenn yon to prezans ki se 100 pousan (100%) epi pou pa janm genyen elèv ki anreta.
- Paran yo ak responsab legal yo ap kontakte lekòl la byen vit, nan yon lè ki pa depase 8:30 a.m., pou di si elèv yo a ap rive anreta oswa si li ap absan.
- Elèv ki absan yo ap gen pou retounen lekòl la ak yon dokimantasyon, ki gen ladan li:
 - Dat absans lan
 - Rezon absans lan
 - Yon nimewo telefòn ki ka pèmèt yo kontakte yon paran oswa yon responsab legal
 - Non paran an oswa non responsab legal la, relasyon li ak elèv la, epi siyati li

Rezon ki fè ou absan

Men senk (5) rezon ki valab pou ou rate jou lekòl. Tanpri, sonje byen absans sa yo, yo pa "ekskize yo", epi y ap toujou parèt sou fich prezans yon elèv.

- Gen yon moun ki mouri nan fanmi an.
- Maladi oswa aksidan. Pou yon absans ki gen rapò ak zafè medikal pandan plis pase 2 jou, paran yo oswa responsab legal yo dwe bay lekòl la yon nòt doktè apre 24 èdtan dyagnostik la.
- Randevou medikal. Paran yo ta dwe eseye planifye randevou medikal yo nan yon lè ki pa anndan lè fonksyonman lekòl la. Pi bon lè a se vandredi (lè lekòl lage pou mwatye jounen), se jou lekòl la pran vakans, epi nan wikenn. Si w dwe planifye yon randevou nan jou lekòl la, elèv la pa ta dwe absan pou tout jounen an. Nou atann elèv la ap vin lekòl la anvan epi/oswa apre randevou a.
- Respè pou relijyon epi respè pou kilti.
- Opòtinite ki gen rapò ak edikasyon ki jwenn apwobasyon direktè a davans.

Tanpri, sonje byen pa ta dwe janm gen elèv ki absan pou rezon sa yo:

- Vakans an fanmi.
- Reta nan zafè transpò oswa pa ka antre an kontak ak yo.
- Ka kote paran oswa gadyen yo pataje gad yo epi elèv la nan gad paran ki pa nòmalman responsab pou asire elèv la ale lekòl. Se responsablite paran oswa responsab legal yo pou asire elèv la prezan chak jou lekòl kèlkeswa aranjman gad yo.

Y ap konsidere elèv ki anba pinisyon yo kòm absan sèlman si yo pa prezante nan lekòl la oswa lòt kote yo voye yo pandan omwen de (2) èdtan enstriksyon altènatif.

Pwotokòl kominikasyon pou prezans

Pou asire elèv yo pa plede ap genyen absan, lekòl la genyen kèk règleman pou sipò li mete sou plas, jan sa detaye anba a. Tanpri, n ap fè w konnen:

- Objektif reyinyon fanmi an epi apèl ki mansyone anba a, se toujou pou nou ka dekouvri rezon prensipal ki lakoz elèv la absan lekòl la epi rezoud pwoblèm yo an patenarya pou nou asire nou elèv la rive nan lekòl la alè chak jou.
- Si gen yon ka absanteyis (rate jou lekòl san w pa bay okenn rezon oswa okenn kontèks), manm pèsonèl lekòl la swiv gid ki anba a pou ka fè yon rapò sou elèv la epi/oswa fanmi an bay ajans piblik ki apwopriye yo.
- Elèv ki absan nan lekòl la p ap kapab asiste oswa patisipe nan okenn aktivite lekòl la patwone, k ap fèt nan jou absans lan.

Enstans	Aksyon ak Objektif
Chak absans	<p>Kominikasyon ant fanmi an ak lekòl la</p> <p>Paran an/responsab legal la dwe rapòte nenpòt absans atravè yon apèl telefòn nan lekòl la anvan 8:30 a.m. nan jou absans lan. Si yon elèv absan san eksplikasyon, lekòl la ap kontakte paran an/ reponsab legal la atravè telefòn anvan 10:00 a.m. pou li ka fè konnen rezon ki lakoz elèv la rate jou lekòl la epi rezoud pwoblèm lan ak fanmi an jan sa nesèsè.</p>
Twazyèm Absans:	<p>Lèt pou Lakay</p> <p>Après twa (3) absans, lekòl la ap voye yon lèt pou lakay timoun lan, l ap bay detay sou fich prezans elèv la epi l ap bay detay sou konsekans ki genyen poutèt elèv la rate jou enstriksyon yo.</p>
Sizyèm absans ki fèt <u>youn dèyè lòt</u> epi ki pa dokimante	<p>Voye rapò bay Administrasyon pou Sèvis Timoun lan (Administration for Children's Services, ACS)</p> <p>Si lekòl la pa ka antre an kontak avèk fanmi an aprè senk (5) jou youn dèyè lòt, absans ki pa dokimante, direktè a ansanm avèk klinisyen lekòl la oswa yon lòt responsab nan lekòl la ki jere zafè sansibilizasyon pou prezans, ap voye yon rapò bay Administrasyon pou Sèvis Timoun lan, pou di yo genyen twòp absans epi pou di yo genyen posiblite pou timoun sa a pèdi.</p>
Sizyèm absans	<p>Lèt pou lakay epi konferans pou paran/responsab legal</p> <p>Lekòl la pral pwograme yon reyinyon ak paran an oswa responsab legal la pou li ka diskite sou absans ki twòp sa yo epi kolabore pou jwenn yon modifikasyon nan konpòtman anfavè pwoblèm absans lan. Lekòl la ap asire li ke fanmi an jwenn enfòmasyon ki konsène règleman ak pratik rapò ki obligatwa pou lekòl la.</p>

Nevyèm absans	<p>Konferans pou paran oswa responsab legal oswa lèt pou lakay ki sètifye (<i>siyati obligatwa</i>)</p> <p>Lekòl la pral pwograme yon reyinyon familyal pou li ka diskite sou absans ki twòp sa yo epi kolabore pou jwenn yon modifikasyon nan konpòtman anfavè pwoblèm absans lan. Lekòl la ap asire li ke fanmi an jwenn enfòmasyon ki konsène règleman ak pratik rapò ki obligatwa pou lekòl la. Pandan reyinyon sa a, yon manm ekip direksyon lekòl la pral mande paran an oswa responsab legal la pou li siyen yon deklarasyon ki pwouve li rekonèt rezon an ak dat reyinyon an, epi sa konfime li byen konprann lwa ki gen rapò ak prezans nan lekòl la, ni konsekans absans nan lekòl la genyen sou elèv la.</p>
Kenzyèm absans	<p>Evalyasyon preparasyon pou pwomosyon</p> <p>Lekòl la bay tèt li dwa pou li kenbe nenpòt elèv ki depase 15 absans nan yon lane. Epi tou, Lekòl la ap pwograme yon reyinyon familyal menm jan ak anlè a pou li ka diskite sou absans ki twòp yo epi règleman rapò ki obligatwa pou lekòl la. Nan ka kote lekòl la pa ka antre an kontak ak paran an oswa responsab legal la, lekòl la ap voye yon lèt ki sètifye nan dènye adrès li te konnen an.</p>
Ventyèm absans	<p>Voye rapò bay Administrasyon pou Sèvis Timoun lan (Administration for Children's Services, ACS)</p> <p>Direktè a ansanm avèk klinisyen lekòl la oswa yon lòt responsab nan lekòl la ki jere zafè sansibilizasyon pou prezans, ap voye yon rapò bay Administrasyon pou Sèvis Timoun lan, pou di yo genyen twòp absans.</p>

Reta

Lekòl la swete tout elèv yo rive alè, konsyan konsènan responsabilite yo genyen pou yo aprann, epi respekte moman lòt moun epi moman aprantisaj yo a tou. Reta a pa sèlman gen enpak sou preparasyon timoun nan, men li deranje epi vyole dwa tout klas la tou. Yo entèdi reta ki fèt tankou se yon abitud.

Pòt nou yo louvri jan sa endike nan tablo "Orè fonksyonman lekòl la" ki anlè a. Nenpòt elèv ki vle manje manje maten li a nan lekòl la, ta dwe rive nan lekòl la a 7:50 a.m. A 8:00 a.m. chak elèv ta dwe rive nan salklas li a, debarase valiz li epi chita nan plas li, epi rete ap tann enstriksyon.

Elèv ki rantre nan bilding lan aprè 8 a.m., y ap konsidere elèv sa yo kòm elèv ki rive anreta.

Tanpri, sonje: revèy ak mont gen anpil diferans. Desizyon k ap di elèv la anreta a baze sou revèy lekòl la pou asire genyen koyerans ak ekite.

- Paran /responsab legal nenpòt elèv lekòl primè ki rive apre 8:00 a.m., dwe mennen elèv la bay gad sekirite nan biwo akèy la. Paran / responsab legal la dwe siyen epi pran yon pas envite nan men gad sekirite a, mennen elèv la nan biwo prensipal la epi bay yon eksplikasyon pou reta a, ki

- gen ladan nenpòt nòt doktè ki nesèsè.
- Paran / responsab legal la pa dwe akonpaye elèv la nan salklas li. Elèv lekòl nan lekòl primè ki rive an reta yo pa ka rete poukont yo nan antre lekòl la oswa avèk gad sekirite a.
- Lekòl la anrejistre non elèv la nan Journal pou elèv ki rive anreta a. Lè li depoze elèv la anreta a, paran / responsab legal nenpòt elèv lekòl nan lekòl primè dwe siyen journal la pou endike yo te li epi yo konprann regleman lekòl la sou prezans ak reta.
- Lekòl la pral planifye yon reyinyon paran / reponsab legal pou nenpòt ki elèv ki anreta plis pase senk (5) fwa nan yon trimès.

Fèmte lekòl/kòmanse anreta

Lè gen move tan, yon blakawout, oswa lòt pwoblèm ki fòse lekòl la fèmen oswa ki fòse lekòl la kòmanse anreta, lekòl la ap anonse fèmte a oswa reta a atravè yon sistèm apèl otomatik. Anons yo kòmanse an jeneral a 6:00 a.m. Kòm règ jeneral, men li pa toujou rete konsa, si NYCDOE deside fèmen tout lekòl akòz tan an, Ascend Public Charter Schools ap fèmen pòt lekòl li yo tou. Nan sikonstans ki grav anpil, lekòl la ka fèmen touswit aprè elèv yo fin rive pou jounen an. Tanpri rele lekòl la si ou gen dout.

Règleman pou devwa

Devwa se yon aktivite endepandan ki fèt pou pratike oswa jere matriz ou. Devwa pa pran plas enstriksyon nan salklas, men pito sèvi kòm yon ekstansyon valab pou efò chak elèvnan salklas la. Tout devwa yo dwe fin fèt nèt. Si yon elèv gen difikilte ak yon konsèp, tanpri di pwofesè a sa.

Paran an oswa responsab legal la ka ede pitit li fini devwa kote li bay pitit li yon espas travay trankil pou fè devwa li ak tcheke si pitit li fini tout travay yo bay li. Li esansyèl pou yon fanmi epi zanmi pa ede yon elèv fè tout devwa yo ba li yo, paske mòd èd sa a fè li difisil pou pwofesè yo detèmine vrè metriz konpetans yon elèv epi konsèp yo.

Lekti chak jou

Elèv yo ta dwe li oswa koute liv yo li awotwa pou 30 minit chak swa, ak wikenn ladan. Etid montre lè yon elèv li oswa koute liv pou 30 minit pa jou, sa ka ede elèv la travay pi byen lekòl anpil .

Règleman pou inifòm

Inifòm elèv yo se yon aspè ki enpòtan nan kilti lekòl nou an. Yo sipòte yon kilti apatenans ak pou kominote a. Inifòm lan ede nou kreye yon balans nan lekòl la epi li ede elèv yo fokis sou bagay ki pi enpòtan an – aprantisaj yo. Elèv yo dwe an inifòm lè yo nan espas lekòl la epi yo pa ka chanje inifòm anvan lekòl lage. Yo dwe mete inifòm lan lè lekòl la ap sòti avèk yo epi ni lè genyen aktivite ki gen rapò ak lekòl la tou, sof si lekòl la ta di paran yo oswa responsab legal yo yon lòt bagay.

Pwofesè yo ak manm pèsònèl la verifye inifòm ki sou elèv k ap vin lekòl la. Yo fè fanmi yo konnen si elèv yo rive lekòl la san inifòm. Lekòl la genyen kèk inifòm adisyonèl sou men, epi prete elèv yo li lè sa posib pou asire yo antre nan salklas la avèk bonjan inifòm. Si ta genyen yon ka kote lekòl la pa ta gen ase inifòm adisyonèl pou prete elèv, lekòl la ap rele paran oswa responsab legal elèv ki rive lekòl la san inifòm lan epi mande yo pou yo pote pati inifòm ki manke a nan lekòl la. Ekip responsab lekòl

la ka decide jan yo vle, genyen mezi disiplinè ki ka pran kòm yon repons a nenpòt abiman ki pa apwopriye avèk règleman ki pou inifòm lan.

Chemiz yo dwe anndan, lasèt soulye yo dwe mare, epi vèlkwo yo dwe toujou tache. Si elèvs lekòl primè yo pa ka tache soulye yo, tanpri konsantre sou devlope konpetans sa a nan kay la epi eseye bay soulye ak velkwo oswa lòt soulye ki pa gen lasèt pou yo ale lekòl pandan y ap aprann.

Tanpri mete etikèt sou tout rad avèk non pitit ou a, espesyalman rad yo te ka retire pandan jounen an. Etikèt yo garanti ke bagay ki pèdi yo ap retounen al jwenn mèt yo.

Inifòm

Tout chemiz inifòm prensipal yo dwe sou yo logo Ascend ki apwopriye a, swa yo brode li (koud li) oswa yo kole li ak fè cho.

Lekòl	Inifòm Prensipal	Edikasyon Fizik	Li pa obligatwa
Brooklyn Ascend Lower School	Polo blan Salopèt/Jip Ble Maren Pantalon Ble Maren	Mayo jimnastik ble maren BACS Mayo blan Mayo ble maren Pantalon espò Ble Maren	Jilè ble maren
Brownsville Ascend Lower School	Polo blan Pantalon gri Salopèt/Jip gri	Okenn	Chanday mawon
Bushwick Ascend Lower School	Polo blan Pantalon gri Salopèt/Jip gri	Mayo jimnastik/dans ble maren BWLS Pantalon espò jimnastik/dans ble maren BWLS	Jilè ble maren
Canarsie Ascend Lower School	Polo blan Salopèt/Jip Ble Maren Pantalon Ble Maren	Okenn	Jilè ble maren
Central Brooklyn Ascend Charter School	Polo blan Salopèt/Jip Ble Maren Pantalon Ble Maren	Mayo jimnastik ble maren CBACS Pantalon espò jimnastik ble maren CBACS	Jilè ble maren
Cypress Hills Ascend Lower School	Polo blan Pantalon gri Salopèt/Jip gri	Okenn	Jilè ble maren
East Brooklyn Ascend Lower School	Polo blan Salopèt/Jip Ble Maren Pantalon Ble Maren	Okenn	Jilè ble maren
East Flatbush Ascend Lower School	Polo blan Salopèt/Jip Ble Maren Pantalon Ble Maren	Okenn	Jilè ble maren

Lefferts Gardens Ascend Lower School	Polo blan Pantalon Ble Maren Salopèt/Jip Ble Maren	Okenn	Jilè ble maren
-----------------------------------------	----------------------------------------------------------	-------	----------------

Soulye

- Tenis Nwa (nwa sèlman - pa gen bann, modèl, desen, oswa lasèt ki gen pil koulè)
- Soulye pou abiye ki nwa oswa bòt
- Tout soulye yo dwe plat: pa dwe gen talon ki wo, talon prensès oswa talon wayal

Pandan move tan (nèj oswa lapli), elèv yo ka mete bòt pou lapli oswa pou nèj men yo dwe chanje sa ki nan pye yo a, epi mete soulye ki pou inifòm lan anvan yo antre nan klas.

Bagay pou kouvri tèt ak cheve

Yo ankouraje elèv yo mete bagay pou kouvri tèt yo depi sa konsène respè yo genyen pou relijyon epi/oswa respè yo genyen pou kilti yo. Yo pa otorize moun mete chapo, kepi oswa lòt bagay ki pou kouvri tèt yo, sof si se pou montre respè yo genyen anvè relijyon yo oswa kilti yo.

Yo ankouraje elèv yo fè kwafi ki se menm bagay ak eritaj kilti yo, eritaj etnik yo, epi eritaj rasyal yo, idantite yo oswa estil pèsònèl yo.

Lòt rad ak akseswa

- Yo pa otorize moun mete chanday ak tèt, djakèt ak long zip, oswa jile nan klas
- Yo pa otorize pafen.
- Bijou
 - Yo otorize moun mete bijou.
 - Pou rezon sekirite, elèv yo ap retire zanno ki pi laj pase yon vennsenk santim, yo mete nan zòrèy yo a, lè yo nan kou edikasyon fizik, dans, rekreyasyon oswa nan nenpòt moman kote elèv la trouve li nan yon nivo ki wo pou zafè mouvman fizik. Kòm genyen yon estokaj limite epi ki souvan pa asire vre nan djimnaz yo oswa deyò, nou rekòmande pou moun pa mete zanno ki pi laj pase yon vennsenk santim nan lekòl la.
 - Yo ka mande elèv yo pou yo retire epi mete an sekirite bijou ki sèvi kòm yon distraksyon nan klas la.
- Zong
 - Yo otorize elèv yo mete kitèks. Zong yo dwe genyen yon longè nòmal ki pèmèt elèv la tape avèk fasilite, fè devwa nan klas epi reponn ak atant patisipasyon tout lekòl la.
- Makiyaj
 - Yo otorize makiyaj. Elèv yo dwe mete yon makiyaj ki pa sèvi kòm yon distraksyon nan klas la oswa nan lekòl la. Si ta genyen yon distraksyon konsa, lekòl la kapab kontakte fanmi an si sa nesèsè.
 - Yo pa otorize elèv yo makiye pandan yo nan kou oswa pou y al nan twalèt la poutèt pou yo ka makiye pandan gen kou.

Inifòm espesyal

Rap yo dwe fèt sou mezi elèv la pou li ka byen rete sou li, paske gen paran akòz timoun lan ap grandi a ki ka chwazi achte rad inifòm ki yon fwa (1) oswa de fwa (2) pi gwo pou timoun nan. Rad yo pa dwe two gwo/patapouf oswa twò piti. Elèv yo pa dwe mete rad ki sal anpil (pa egzanp, gwo tach lank plim, tach manje, elatriye.) oswa rad ki nan yon move eta (pa egzanp, pye pantalon ki defile oswa ki dekoude).

Lè gen move tan, elèv ki swete mete lòt rad anba inifòm yo kapab fè sa. Rad yo mete anba inifòm yo pa dwe pann ap balanse, epi moun pa dwe ka wè li tou. Si yon elèv vini ak yon chemiz ki pa yon inifòm men li mete l anba inifòm lan, lekòl la ap konsidere sa kòm yon vyolasyon ki fèt kont inifòm lan si tout fwa sa pa ka korije byen fasil, epi y ap mande elèv la pou li retire rad ki pa inifòm lan sou li.

Elèv yo pa gen dwa pou yo fè modifikasyon nan inifòm yo a sou okenn pretèks (pa egzanp, ekri sou li/fè desen sou li, koupe li, elatriye.). Bagay ki nan move eta akòz rezon sa yo, y ap konsidere yo kòm yon vyolasyon ki fèt kont inifòm lan epi y ap mande elèv la pou li retire li epi prete youn nan lekòl la pou li ka ranplase li.

Telefòn selilè ak aparèy elektwonik ki pèsònèl

Yo entèdi elèv yo itilize telefòn selilè oswa lòt aparèy elektwonik pèsònèl pandan jounen lekòl la. Elèv yo dwe mete tout aparèy elektwonik yo nan valiz ki nan kazye yo a, nan kòmansman chak jounen. Si yon elèv itilize yon telefòn selilè oswa lòt aparèy elektwonik pèsònèl pandan jounen lekòl la, oswa si yo jwenn aparèy la nan men li, manm pèsònèl la ap pran li epi tounen ba li l nan fen jounen an. Si yon elèv vyole règleman sa a plizyè fwa, l ap oblije verifye telefòn selilè a oswa lòt aparèy elektwonik nan kòmansman jounen lekòl la ansanm avèk asistan direktè a oswa direktè a epi tounen pran li nan men yo nan finisman jounen an. Tanpri, sonje byen lekòl la pa responsab okenn aparèy elektwonik ki pèdi, okenn aparèy elektwonik yo vòlè, oswa aparèy elektwonik ki si sibi yon domaj, pandan elèv la vin avè l nan lekòl la.

Transpò

Nan kòmansman ane lekòl la, li esansyèl pou ou di lekòl la plan transpò pou timoun ou an; espesyalman, menm si y ap pase chache timoun lan oswa l ap pran bis. Si plan transpò pitit ou a chanje, tanpri kominike chanjman sa yo bay lekòl la davans e alekri.

Sèvis bis jòn - elèv ki nan edikasyon jeneral yo

Se Depatman Edikasyon Vil New York la (New York City Department of Education, NYCDOE) Biwo Transpò pou Elèv, ki bay sèvis otobis jòn lan. Nou detèmine si yon elèv elijib ak plizyè faktè, ki gen ladan klas elèv la ak distans ki genyen ant kay elèvla ak lekòl la. Sèvis bis jòn disponib sèlman jiska klas 6yèm ane.

Tanpri, n ap fè w konnen:

- Elèv yo dwe konpòte yo byen lè yo nan bis la.
- Pa gen okenn granmoun nan bis la sof pou chofè bis la.

- Elèv ki mal konpòte yo nan bis la resevwa menm konsekans ak elèv ki mal konpòte yo nan lekòl la epi yo ka pèdi privilèj pou pran bis la pou jiska yon ane.
- Se responsablite paran an pou li chwazi yon adilt ki pou rete tann timoun lan lè li rive kote otobis la pral kanpe a -- sa se pa responsablite chofè otobis la oswa responsablite lekòl la.
- Si pa okenn adilt responsab ki ap tann li kote otobis la pral kanpe a, y ap gen pou fè plizyè esèy pou wè si yo ka rive antre an kontak ak yon paran oswa yon moun ki otorize pou vin rankontre otobis la kote li prevwa kanpe a. Si yo pa ka rive antre an kontak swa ak moun ki otorize a oubyen ak yon responsab lekòl la, se kapab komisarya lokal la ki vin ede nou nan pwoblèm sa a.

Sèvis otobis jòn - elèv ki nan edikasyon espesyalize yo

Se Depatman Edikasyon Vil New York la (New York City Department of Education, NYCDOE) Biwo Transpò pou Elèv, ki bay sèvis otobis jòn lan. Se Plan Edikasyon Pèsonalize elèv la ki detèmine kalifikasyon an.

Tanpri, n ap fè w konnen:

- Elèv yo dwe konpòte yo byen lè yo nan bis la.
- Se responsablite paran an pou li chwazi yon adilt ki pou rete tann timoun lan lè li rive kote otobis la pral kanpe a -- sa se pa responsablite chofè otobis la oswa responsablite lekòl la.
- Si pa okenn adilt responsab ki ap tann li kote otobis la pral kanpe a, y ap gen pou fè plizyè esèy pou wè si yo ka rive antre an kontak ak yon paran oswa yon moun ki otorize pou vin rankontre otobis la kote li prevwa kanpe a. Si yo pa ka rive antre an kontak swa ak moun ki otorize a oubyen ak yon responsab lekòl la, se kapab komisarya lokal la ki vin ede nou nan pwoblèm sa a.

Transpò pou elèv ki nan fwaye dakèy yo

An kolaborasyon ak Biwo Transpò pou Elèv nan NYCDOE, lekòl la ap swiv règleman McKinney Vento te etabli pou ka pi byen idantifye epi bay bonjan transpò a elèv ki nan fwaye dakèy yo. Si elèv la pako kalifye akòz klas li epi distans ki genyen ant adrès fwaye dakèy la, y ap depoze yon aplikasyon nan OPT, ki fè tout sa li kapab pou li jwenn yon wout pou elèv yo, oswa bay yon MetroCard ki peye nèt.

Nan kek sitiyasyon, se yon sevis transpò pwovizwa yo dwe bay pandan y ap revize aplikasyon an. Lekòl la pral travay avèk Administrasyon pou Sèvis Timoun lan (ACS) dirèkteman pou reponn a demann sa yo. Oubyen, si OPT fè yon eksepsyon pou yon MetroCard men transpò piblik la se pa yon opsyon ki apwopriye pou timoun nan, lekòl la pral travay ansanm avèk ACS pou li ka jwenn enfòmasyon sou règleman ki genyen pou ranbousman transpò prive yo a.

Konpòtman nan bis la

Atant lekòl la pou elèv yo respekte valè debaz yo aplike nan transpò bis lekòl la. Elèv ki pran bis lekòl la sipoze aji avèk responsablite ak respè toutan.

Gen kèk règ an plis pou bis la. Sa yo endike nan kontra bis la fanmi pitit yo ap pran bis jon nan dwe

siyen. Elèv yo dwe chita nan plas yo mete pou yo chita a. Yon administratè rankontre ak bis la lè li rive chak maten, e a gen elèv ki ka sòti nan bis la anvan administratè a verifye ak chofè a konsènan konpòtman yo. Move konpòtman gen ladan li pa chita nan plas yo bay yo bis la, mete men yo deyò nan bis la, voye bagay jete, sèvi avèk langaj ki pa apwopriye, fè bwi, ak dezobeyi chofè otobis la. Yo dwe envestige move konpòtman ki pi grav yo (pa egzanzp, goumen) epi yo pral aplike konsekans yo kòm si konpòtman sa te rive sou teren lekòl la.

Yon (2) enfraksyon pral lakòz yo pèdi privilèj bis pou yon semèn; de (2) enfraksyon pral lakòz yo pèdi privilèj pou yon mwa; epi twa (3) enfraksyon pral lakòz yo pèdi privilèj pou ane a; Si yon enfraksyon ase grav, elèv la ka tou pèdi privilèj bis pou ane a.

Nou ankouraje fanmi yo pou yo pale ak timoun yo sou enpòtans pou gen bonjan konpòtman nan bis la ak konsekans ki ka genyen pou move konpòtman. N ap regle konsekans pou move konpòtman elèv edikasyon espesyal Plan Edikasyon Pèsonalize yo egzije pou yo monte transpò ki pa bis lekòl jeneral la selon chak ka.

Repa

Yo bay manje maten ak manje midi chak jou. Elèv ki pote manje midi ki soti lakay yo ka enskri pou resevwa lèt nan lekòl la. Pou pwoteje sante elèv ki genyen alèji yo, kèk ladan yo lavi yo menase, lekòl Ascend Public Charter Schools yo se lekòl ki san nwa, sa vle di yo entèdi tout pwodui ki fèt ak nwa nan tout lekòl nou yo. Lè w ap prepare manje midi pou pitit ou, tanpri konnen byen anpil manje transfòmè yo fèt ak pwodui nwa; li etikèk manje sa a avèk anpil atansyon pou w ka asire ke chwa ou fè a p ap mete lavi yon elèv ki soufri yon alèji ki grav an danje.

Si elèv ou a fè yon alèji alimantè, tanpri, kontakte direktè a ak pwofesè pitit ou a byen vit pou li kapab pran tout prekosyon ki nesèsè yo.

Manje yo pa gen dwa pote nan lekòl la

Rechèch montre yon rejim alimantè ki bon pou lasante ak nourisan kontribye nan aprantisaj sante akademik ak sosyal. Se pou sa, elèv yopa gen dwa pou yo yo pote manje sa yo nan lekòl la, epi n ap voye nenpòt nan bagay sa yo retounen lakay ak elèv la epi petèt jete yo. Nan ka sa yo, yo pral ofri elèv yo manje lekòl la kòm yon altènativ.

- Manje fassoud (pa egzanzp, McDonald's, Burger King, Wendy's)
- Chiklèt, sirèt, gimov
- Nwa / pwodwi nwa (ki gen ladan manje trete ki gen nwa, akòz alèji)
- Tchips pòm detè oswa pòpkòn fwomaj
- Soda, bwason enèji, chokola cho, bwason nan boutèy an vè
- Bonbon, donèt, gato
- Fisyèl
- Lòt ti goute ki gen anpil sik

Tanpri, pa voye elèv ou a ak manje ki li pral bezwen chofe. Anplis, pa voye manje pou pitit ou a nan yon sèvis livrezon (tankou GrubHub / UberEats) ni pèmèt yo fè kòmand pou tèt yo. Pratik sa yo pa pèmèt peryòd pou manje nou an fonksyone alè epi yo vyole pou enstriksyon an.

Manje midi ak ti goute ki bon pou lasante nou sigjere

Tan pou w bay li manje yo ki anwo a, tanpri konsidere voye pitit ou a lekòl ak manje sa yo kòm ranplasman ki bon pou lasante epi gen anpil ki disponib.

- Yawout
- Fwi sèk
- Ba dejene
- Tchips pòm detè kwit nan fou
- Tchips antye (egzanp, Sun Chips)
- Tchips ki fèt ak legim
- Pòpkòn senp oswa ak yon ti kras bè
- Pretzels
- Pòm, tranch zoranj, rezen, ak lòt fwi
- Kawòt, bout seleri, lòt legim
- Gato diri

Enskripsyon, kite, ak double yon klas

Kite epi retounen enskri

Yon elèv ka kite yon lekòl Ascend charter school nenpòt lè a, lè paran an oswa responsab legal la fè yon demann alekri pou sa. Yon avi konsa an jeneral pran fòm yon demann dosye pou transfè ki soti nan nouvo lekòl elèv la, oswa yon fòm pou kite lekòl la. Si pa genyen prezans yon fòm pou demann dosye oswa yon fòm pou kite lekòl la, lekòl la pral egzije prèvan aranjman pou enskri elèv la nan nouvo lekòl la pou li ka trete dosye kite lekòl la. Aprè yon elèv fin kite lekòl la, yo bay yon lòt elèv ki nan lis datan lan plas la. Pou w tounen antre nan lekòl la, elèv yo dwe aplike kòm yon nouvo elèv.

Si fanmi yon elèv kwè ke kite lekòl la se te yon erè, oswa se te envolontè, oswa si yo kwè gen yon lòt sikonstans espesyal ki lakoz sa, fanmi an ka voye yon demann bay direktè a pou li ka tounen enskri elèv la. Direktè a pral pran yon dènye desizyon ansanm ak ekip enskripsyon rezo a.

Double yon klas

Lekòl yo pran desizyon pou kenbe kèk elèv nan klas pou ane k ap vini an anvan mwa Jen an. Lekòl la ap fè anpil efò pou li fè konnen desizyon sa yo fas-a-fas anvan dènye jou lekòl la. Nou pa pran desizyon pou double yon klas selon rezilta tèt Eta a oswa okenn grenn done. Elèv yo ap double sèlman lè gen anpil done ki endike elèv la pa pare pou pwogram akademik pwochen klas la. Paran yo ka konteste kont desizyon pou double elèv la alekri bay direktè lekòl la. Si fanmi yo toujou vle konteste kont desizyon pou double yon klas, yo ka fè sa alekri bay chèf lekòl Ascend Public Charter School la.

Pwosedi ak règleman pou lasante

Kondisyon

Ascend Public Charter Schools konfòme li ak lwa Eta New York la konsènan sante, vaksinasyon ak dosye medikal elèv yo. Lwa Eta New York la egzije pou chak elèv resevwa vaksen kont kèk maladi sof si elèv yo gen yon eksepsyon medikal ki konfòm ak lwa Eta New York la. Tanpri remake apati mwa Jen

2019, yo anile tout eksepsyon relijye ki gen pou wè ak egzijans vaksinasyon lekòl la nan lwa Eta New York la epi yo pa asepte yo ankò.

Chak lekòl dwe genyen nan dosye yo yon Fòm Egzamen Sante pou Timoun ak Adolesan (CH205) yon doktè Eta New York lan apwouve ranpli epi siyen, pou chak elèv, anvan katòzyèm (14yèm) jou apre premye jou lekòl la, sof si elèv sa genyen yon eksepsyon medikal valid pou egzijans vaksinasyon yo konfòmman aklwa Eta New York la. Direktè lekòl la kapab pwolonje peryòd 14 jou an jiska trant (30) jou nan sikonstans ki limite. Direktè a ap mete yon elèv fòm medikal li yo pa t konfòm ak egzijans legal sa yo deyò lekòl la jiskaske egzijans sa yo respekte.

Yo pral mande paran yo bay yon nouvo fòm egzamen fizik (CH 205) chak (1) ane pou timoun ki gen laj pou klas elemanntè epi chak de (2) zan pou timoun fondamantal ak segondè, menm si pa gen nouvo vaksinasyon ki obligatwa, pou fè si lekòl yo gen enfòmasyon aktyèl sou sante elèv yo.

Règleman pou maladi avèk eksklizyon

Si yon elèv genyen nenpòt sentòm maladi, tankou tanperati ki wo, anvi vomi, dyare, mal gòj, oswa gratèl, li pa dwe vini lekòl la jiskaske yo detèmine nan ki nivo kondisyon an grav oswa sentòm yo disparèt. Prekosyon sa akselere gerizon elèv la epi li ede redui pwopagasyon enfeksyon yo nan lekòl la.

Enfimyè an ap retire nenpòt elèv ki genyen sentòm nan pwogram regilye an, epi li ap kontakte paran oswa responsab legal la pou pran dispozisyon pou vin pran elèv la touswit. Si yo pa kapab jwenn paran an oswa responsab legal la, lekòl la ap rele moun yo chwazi antanke kontak ijans la(yo). Yo dwe pase vin pran yon elèv ki blese oswa malad nan mwens pase inèdtan apre apèl nou an.

Si kondisyon yon elèv mande pou gen entèvansyon medikal imedya, lekòl la ta dwe kontakte pwofesyonèl swen sante elèv la oswa rele 911.

Maladi moun ka transmèt

Paran an oswa responsab legal la dwe fè lekòl la konnen touswit si elèv la te pran yon maladi moun ka transmèt (tankou yon enfeksyon nan gòj oswa konjonktivite) pou lekòl la kapab pran mezi pou pwoteje lòt elèv yo pandan li ap fè fanmi sa ki gen posibilite an danje yo konnen sa. Si gen plis pase yon sèl ka maladi moun kapab transmèt nan yon sal klas, lekòl la ta dwe kontakte konsiltan nou an nan depatman sante lokal la pou jwenn konsèy epi fè si gen bon jan mezi ki pran. Nan ka kote genyen yon epidemi, prekosyon espesyal ak règleman eksklizyon kapab nesesè.

Pale ak doktè ou an sou kilè li pi bon pou retounen lekòl la si elèv ou an te pran yon maladi moun ka transmèt. Nòt doktè an konsènan elèv la ki ap retounen lekòl la dwe di klèman kilè elèv la gen otorizasyon retounen.

Ascend distribiye medikaman an

Ascend Public Charter Schools pa distribiye okenn kalite medikaman bay elèv yo, ki vle di medikaman san preskripsyon tankou aspirin oswa Tylenol, sof nan fason ki dekri pi ba a. Genyen yon sèl eksepsyon kote paran yo oswa responsab legal yo kapab siyen yon fich pèmision ki bay lekòl la dwa pou bay Syrup oswa lpecac pou fòse vomisman si yon timoun ta pwazonnen nan kad yon aksidan.

Yon enfimyè dwe bay tout medikaman yo epi sèlman lè tout egzijans ki pi ba yo respekte:

- Lekòl la te resevwa otorizasyon alekri paran an oswa reprezantan legal la pou chak medikaman ki prezante antanke yon Fòm Distribisyon Medikaman (Medical Administration

Form, MAF).

- Lekòl la te resevwa pèmisyon alekri doktè a pou distribye medikaman preskri an. (Pou medikaman yo preskri yo, etikèt famasi an sèvi antanke pèmisyon doktè an.)
- Etikèt medikaman an deklare tout sa ki pi ba yo: non elèv la, direktiv itilizasyon yo, non medikaman an, non doktè an, kantite ki preskri an, ak dat ekspirasyon an.
- Medikaman an konsève nan anbalaj orijinal li anndan biwo enfimyè an epi li genyen bòkote li Fòm Distribisyon Medikaman an (Medical Administration Form, MAF).
- Oto enjektè epinefrin oswa medikaman ijans pou opresyon yo dwe plase nan lòt kote anndan lekòl la pou fasilite reyaksyon ijans ki pi bon an, dapre akò ki genyen ak direktè adjwen operasyon yo ak enfimyè lekòl la.
- Lekòl la ap fè tout sa li kapab pou swiv enstriksyon sou medikaman yo bay yo, men yo pa kapab konsidere li koupab si li bliye oswa retade livrezon medikaman yo.

Pran medikaman poukont ou (klas 5yèm jiska 12yèm ane sèlman)

Ascend konprann kèk elèv kapab ap swiv direktiv pou pran medikaman doktè yo poukont yo (egzanp, gen kapasite pou idantifye sa ki bi ba yo: si se medikaman ki kòrèk la; poukisa medikaman an ye; si se kantite kòrèk la ki ap distribye; kilè medikaman an nesese nan jou lekòl la; dekri kisa ki ap rive si yo pa pran li).

Si timoun lan kapab pran medikaman an poukont li, paran yo dwe mete inisyal yo nan pati ki fèt pou sa an nan Fòm Distribisyon Medikaman (Medication Administration Form, MAF) doktè an apwouve an. Apre sa, elèv sa yo ap jwenn pèmisyon pou pote epi pran medikaman ki nesese pandan jou lekòl la yo SÈLMAN poukont yo san sipèvizyon; sepandan, elèv yo pa gen okenn aksè pou pote sibstans ki entèdi.

Paran yo dwe sonje mete yon foto aktyèl pitit yo an nan pati anlè agoch nan Fòm Distribisyon Medikaman an (Medication Administration Form, MAF) pou yo ka byen idantifye li.

Sinon, elèv yo p ap kapab pran medikaman poukont yo.

Règleman sou timoun nou sispèk yo fè abi sou yo ak rapò ki obligatwa

Si nenpòt anplwaye nan lekòl la ta sispèk nan kad pwofesyonèl oswa lòt fòmasyon ak eksperyans yon elèv ki enskri nan lekòl la ap sibi abi, anplwaye an dwe rele epi depoze yon rapò oral devan otorite eta an dapre egzijans lalwa. Obligasyon nou genyen pou siyale yo genyen ladan yo ka neglijan edikatif yo. Tout manm pèsonèl anseyan an pran responsabilite seryèzman epi yo angaje yo pou respekte angajman legal yo an konsekans.

Pwosedi dijans

Moun pou kontakte si ta gen yon ijans

Paran oswa responsab legal tout elèv yo dwe ranpli yon fòm ijans ki genyen ladan li yon deklarasyon otorizasyon medikal ki bay lekòl la pèmisyon pou fèdemann asistans medikal pou elèv la nan ka ijans. Enfòmasyon sa rete nan biwo prensipal la, nan men enfimyè lekòl la, ak pwofesè prensipal lan.

Nan ka kote gen ijans ann tout lekòl la, lekòl la itilize yon sistèm apèl inik ki la pou fè fanmi yo konnen nenpòt ijans ki egnyen atravè telefòn oswa mesaj tèks. Li nesese pou paran yo oswa responsab legal yo fè lekòl la konnen touswit si gen chanjman nan adrès yo oswa nimewo telefòn yo.

Aksidan

Lekòl la fè paran yo oswa responsab legal yo konnen touswit aksidan ki pi grav pase ti grafonyen oswa blese yo. Kategori aksidan sa yo anrejistre nan yon fòm deklarasyon aksidan epi yo depoze yo nan biwo lekòl la pou referans apre sa. Pou ti blese yo, yon manm pèsònèl la ki kalifye ap founi premye swen yo sou plas jan sa dwe fèt la. Si aksidan an ta sanble pi grav, yo ap founi premye swen yo touswit; epi yon responsab nan lekòl la ap kontakte paran, responsab legal elèv la, oswa kontak ijans yo chwazi an pou vin pran elèv la pou swen medikal. Nan sitiyasyon kote yo pa kapab jwenn paran yo oswa responsab legal yo oswa kontak ijans yo chwazi yo epi swen medikal nesèsè, yon responsab nan lekòl la ta dwe rele 911 pou trètman ak/oswa transpò rive nan yon lopital. Tyon manm nan pèsònèl la ta dwe akonpanye elèv la epi rete ak li jiskaske paran oswa responsab legal la vini. Nan kèk sitiyasyon ijans, pèsònèl la kapab kontakte 911 anvan yo rele paran an oswa responsab legal la.

Kòd disiplinè

Filozofi disiplin

Nou egzije pou tout manm nan kominote Ascend lan, kèlkeswa se yon manm pèsònèl la, yon elèv, oswa yon paran/responsab legal, trete chak lòt moun nan lekòl la ak diyite epi respè.

Nou angaje tèt nou nan kreye anviwònman lekòl san danje kote kondwit chak elèv favorize bon kalite reyisit akademik.

"Disiplin se dife netwayaj ki rann talan kapab tounen kapasite."
-Roy L. Smith

Gen anpil moun lè yo tandè mo disiplin lan, yo panse ak pinisyon. Nan Ascend, nou kwè objektif discipline pou anseye, pa pini.

Nou kwè tout timoun natirèlman vle fè bon bagay epi atenn objektif ki valab. Lè yo rive nan lekòl elemantè, souvan fwa objektif la se pou fè pwofesè a oswa fanmi yo plezi, men apre yon tan yo ap kite nou pou ale nan inivèsite epi vin granmoun, elèv nou to genyen objektif konsènan karyè yo, fanmi yo, inivèsite, kominote epi plis toujou. Si yo vle akonpli objektif sa yo, yo dwe gen disiplin pou fè sa. Disiplin se yon kesyon abitud. Epi metòd kilti elèv nou an anseye abitud disiplin yo pou elèv nou yo kapab atenn objektif pa yo.

Pou disiplin pozitif la kapab posib, nou dwe gen bon entansyon sou kijan nou anseye epi ranfòse kondwit nou vle yo epi kijan nou korije konpòtman nou pa vle yo. Fason nou fè sa se menm jan nou anseye pwogram akademik la nan Ascend: nou kòmanse nan planifye modèl lan. Lidè ak pwofesè yo planifye kijan kilti nou an pral ye, ak kisa li pral sanble epi sonnen ak tout kè yo. Après, pandan nou ap anseye rezilta nou vle yo, nou kontinye ak travay refleksyon sou timoun yo. Fason yo panse ak vwa yo dwe fè pati aprantisaj kilti an ak kreyasyon kilti nou an.

Lè nou kreye règ yo nan kòmansman ane eskolè an, nou ede elèv yo transfòme bezwen ak lide yo an règ ki pral sipòte kominote an. Si nou ap panse pou kèk rezilta nou bezwen, nou mande elèv yo sa yo wè nou ap fè ak ki enpak li genyen sou kominote an. Si nou ap sipòte yo nan planifye kijan pou yo repare domaj yo ta kapab fè nan kominote an, nou ap poze yo kesyon ki ap ede yo dekouvri enpak aksyon yo epi idantifye fason pou repare sa ki te kraze yo. Travay refleksyon an rete yon responsabilite pou elèv yo. Detanzantan, abitud ki sipòte sosyete an ak edikasyon yo vin tounen nòm la nan kominote an.

Metòd disiplin ki baze sou sondaj epi santre sou elèv sa pa vle di nou pa kanpe djanm dèyè rezilta nou vle yo. Okontrè, metòd nou an demontre nou vle atenn gwo rezilta pou timoun yo ak kwayans nou genyen konsènan kapasite yo genyen pou reyalize yo.

Nan Ascend, nou pa itilize kat koulè oswa sistèm rekonpans pou jere kondwit. Nou pa kwè zouti sa yo bon nan sitiasyon kote nou ap ranpli misyon nou oswa mete an akò ak kwayans nou genyen sou sa timoun yo merite. Nou di elèv nou yo pral gen konesans, konfyans ak karaktè pou reyisi nan inivèsite ak sa ki gen apre yo. Yon metòd pinisyon pou mete disiplin pa mennen nan konesans kapasite sosyal, konfyans ak karaktè. Epi pou rezon sa yo, sistèm tankou sa yo pa gen okenn plas nan Ascend.

Nou kwè nan yon metòd disiplin ki baze sou sondaj pou anseye epi aprann. Nou vin dekouvri prensip, zouti ak estrateji pwogram Responsive Classroom (Salklas Reyaksyon) ak Restorative Justice (Jistis Reparasyon) itilize yo an akò ak kwayans nou yo konsènan kijan elèv yo aprann pi byen.

Pou plis enfòmasyon sou jan pou w vote nan vote-nan-lapòs, ale sou www.responsiveclassroom.org/about.

Pou plis enfòmasyon sou pratik pwogram Restorative Justice yo, ale sou [Restorative Practices Parent Handbook Final](#) oswa eskane kòd QR sa.



Nou kwè yon metòd reparasyon ak reyaksyon pou disiplin an akò dirèkteman ak vizyon jistis rasyal nou an. Metòd nou an santre sou elèv la--ldantite li, valè li, lide li, ak enpak aksyon li yo sou kominote an. Yon metòd pinisyon ki anrasinen nan pase lòd ak kontwòle kò, pawòl ak aksyon yon lòt gen anpil pwoblèm ladan li; li bay kilti privilèj pou moun po blan yo plis valè epi li wè elèv yo, ki yo menm anndan Ascend an majorite nwa oswa fonsè, antanke objè yo kapab kontwòle. Elèv nou yo pa bezwen yo kontwòle yo. Yo lib epi yo dwe kontinye rete lib pou panse epi goumen poukont yo.

Mezi disiplinè

Responsab lekòl la ak pèsone anseyan an pral itilize jijman pwofesyonèl yo, konsekans lojik yo ak filozofi disiplin Ascend lan pou detèmine ki mezi disiplinè ki ap pi bon nan jesyon move kondwit elèv la, pandan yo ap konsidere faktè ki pi ba yo ak lòt pwoblèm enpòtan:

- Laj elèv la ak nivo matirite li
- Nati ak nivo vyolasyon an grav la ak sikonstans ki mennen nan fè vyolasyon an.
- Ansyen dosye disiplinè elèv la
- Efikasite lòt kategori disiplin yo
- Enfòmasyon ki sòti kote paran oswa gadyen legal yo, pwofesè yo ak/oswa lòt, si sa nesèsè

Lè yon elèv pa rive atenn rezilta nou vle sou kondwit yo epi vin gen yon vyolasyon Kòd Kondwit lekòl la, ap gen mezi disiplinè ki klè epi djanm ki pran, ansanm ak lòt konsekans ja sa dekri pi ba an.

Detanzantan yo dwe enpoze plis konsekans disiplinè ki pi serye sou nenpòt elèv ki fè youn oswa plis vyolasyon disiplinè plizyè fwa.

Lekòl la rezève dwa li genyen pou konsilte fòs lòd yo si sa nesèsè.

Yon ti nòt sou entegrite akademik ak zak malonèt nan lekòl la

Ansèyman ak aprantisaj efikas depann sou kapasite manm kominote akademik lan pou yo kwè nan entegrite travay yo soumèt pou kredi akademik oswa revizyon kanmarad oswa pwofesè yo.

Yon atmosfè kote tout moun youn kwè lòt pèmèt moun brase lide epi li pèmèt tout manm kominote a reyalize tout potansyèl yo genyen.

Nan tout travay akademik, yo dwe rekonèt lide ak kontribisyon lòt moun kòmsadwa epi travay yo prezante kòm orijinal dwe orijinal toutbonvre. Fakilte, elèv ak anplwaye yo tout pataje responsablite pou asire yo onèt ak jis nan anviwònman entelektyèl nan lekòl Ascend yo.

Pandan "zak malonèt nan lekòl la" se yon vyolasyon konpòtman kategori 1 jan nou note sa anba a (Vyolasyon 1.4 nan Kòd Konduit la), piga nou panse sa vle di Ascend pa pran aksyon sa a oserye. An reyalite, kòm misyon debaz nou se prepare elèv yo epanouyi nan inivèsite ak pi devan, konpòtman ki gen rapò ak entegrite akademik ap gen pi gwo nivo sipèvizyon, sitou elèv ki gran yo ak sa ki nan lak lekòl segondè yo. N ap fè ou konnen selon laj la, nivo matirite ak kalite ofans la, yon elèv ki vyole kategori sa a ka gen jiska yon sispansyon 10 jou. Epitou, si yo kontinye vyole li, kapab gen sispansyon pandan plis tan oswa yo mete mete li deyò nan Ascend.

Kòd Kondwit

Chak elèv genyen dwa pou yo aprann nan yon anviwònman ki san danje, genyen lòd, respè epi ki motivan. Yo pa dwe janm pèmèt aksyon yon grenn elèv menase devlopman entelektyèl, emosyonèl, ak sosyal kamarad klas yo. Kòd Kondwit Ascend Public Charter School la ofri elèv yo ak tout paran oswa responsab legal yo yon gid sou konsekans konpòtman yo pa asepte yo. Lidè, pèsònèl ansenyan, ak pèsònèl Ascend School yo ap fè gwo efò pou aplike Kòd la nan enterè tout kominote lekòl la.

Kòd Kondwit la etabli limit rezonab pou elèv yo epi li kreye konsekans ki klè, jis epi previzib lè yon moun pa respekte règ yo. Nou swete pou elèv yo evite pa respekte prensip yo yon premye fwa, epi nan sitiyasyon kote yo fè erè, nou swete yo asepte responsabilite yo ak aprann apati eksperyans la.

Vyolasyon disiplinè elèv yo se aksyon oswa mank aksyon ki vyole Kòd Kondwit Lekòl la oswa ki bay pwoblèm lan transmisyon sèvis edikasyon yo; menase sante, sekirite, ak byennèt nenpòt manm nan kominote lekòl la; oswa menase entegrite ak estabilite lekòl la li menm.

- Yon vyolasyon disiplinè kapab fèt pandan elèv la: nan lekòl la ak/oswa sou lakou lekòl la; pandan li ap patisipe nan yon aktivite lekòl la finanse; pandan li ap mache ale nan oswa ap kite lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la finanse; pandan li ap mache ale nan oswa ap kite, ap rete tann, oswa vwayaje nan transpò piblik pou rive lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la finanse ki te fèt andeyò lakou lekòl la. Vyolasyon disiplinè ki gen pou wè ak lekòl la kapab genyen ladan yo move kondwit andeyò lekòl la, tankou aktivite sou rezo sosyal yo oswa lòt aktivite anliy ki kapab gen yon enpak rezonab sou lekòl la oswa sou anviwònman aprantisaj.

Lis sa ki pi ba an pa konplè men li bay kèk egzanp vyolasyon Kòd Kondwit ki kapab lakòz gen konsekans disiplinè ki gen bon jan eksplikasyon apre lis vyolasyon an. Lekòl la kapab modifye lis vyolasyon konpòtman ak konsekans yo detanzantan avèk yon avi pou elèv yo ak fanmi yo.

Kategori I vyolasyon konpòtman

Konpòtman ki pi ba yo kapab lakòz konsekans pwofesè timoun lan oswa yon sipò adisyonèl aprè lekòl ap deside. Vyolasyon Kategori I ki repete yo, dapre nivo yo grav la, kapab reprezante antanke vyolasyon Kategori II. Konpòtman Kategori I yo kapab lakòz konsekans rive jis sispansyon koupab la.

1.1. Refize swiv direktiv yo: Chak elèv dwe swiv direktiv tout granmoun ki nan lekòl la, tankou administratè, pwofesè, asistan edikasyon, sekretè, responsab netwayaj, moun k ap travay nan kizin lan, ak ajan sekirite yo.

1.2. Aji nan yon fason ki deranje pwosesis edikasyon an: Yo etabli règleman sal klas ak lekòl yo pou pwoteje entegrite anviwònman aprantisaj la, epi elèv yo dwe swiv yo tout tan. Elèv ki deranje pandan li ap pale, fè bwi, voye bagay jete, itilize move fason pou montre lanmou, oswa ki ap distrè kamarad klas yo oswa pwofesè a ap deranje pwosesis edikasyon an.

1.3. Vyolasyon inifòm: Elèv yo dwe mete inifòm lekòl la nan lakou lekòl la chak jou.

1.4. Zak malonèt nan lekòl la: Elèv yo pa dwe rantre nan koze triche nan lekòl la. Triche gen ladan l, men li pa limite ak, bay oswa resevwa nenpòt asistans ki pa otorize oswa bay oswa resevwa avantaj ki pa egal nan nenpòt kategori travay lekòl. Elèv yo pa dwe rantre nan kopye, ki gen ladan l kopye lang, estrikti, lide ak/oswa panse yon lòt moun epi reprezante yo antanke travay orijinal pa l. Yon elèv pa swe miltipliye, repwoudi, kenbe oswa itilize materyèl ki gen dwaddotè yon fason ilegal.

1.5. Medya Elektwonik ak aparèy kominikasyon: Elèv yo pa kapab itilize medya elektwonik ak/oswa aparèy kominikasyon nan lekòl la. Si yon elèv itilize yon aparèy konsa nan lekòl la, mete sou lòt konsekans pèsònèl lekòl la estime ki nòmal yo, yo kapab konfiske aparèy la epi kenbe li jiskaske yon granmoun vin pran l.

1.6. Rantre nan oswa lakòz konpòtman deranjan nan bis lekòl la: Elèv yo dwe swiv règleman bis yo, epi yo pa dwe gen konpòtman oswa langaj ki ap deranje. Vyolasyon konpòtman grav yo kapab klase epi konsidere antanke vyolasyon Kategori II oswa III.

1.7. Refize rete nan plas yo bay la: Elèv yo dwe rete sèlman nan sal yo ak lòt espas anndan lekòl la yo ba yo pèmisyon pou rantre ladan yo.

Kategori II vyolasyon konpòtman

Konpòtman ki pi ba yo kapab lakòz sispansyon koupab la oswa gen lòt konsekans disiplinè ki kapab aplike sa depan sikonstans yo. Vyolasyon Kategori I ki repete yo kapab reprezante antanke vyolasyon Kategori III. Elèv ki gen konpòtman Kategori II yo plizyè fwa oswa fè vyolasyon ki grav nan konpòtman Kategori II kapab sibi desizyon sispansyon li oswa mete li deyò nèt nan lekòl la

2.1 Absans abityèl nan lekòl oswa sote kou: Nenpòt absans nan lekòl la pandan tout jounen an oswa pandan yon pati nan jounen an yon paran oswa responsab legal pa t jistifye ap konsidere antanke absans abityèl nan lekòl la. Absans nan youn oswa plis klas pandan jou lekòl la san pèmisyon pèsònèl lekòl la pote non "sote kou" epi se yon bagay ki entèdi.

2.2 Pwofanasyon oswa gwo mo: Elèv yo pa dwe di oswa ekri vye mo oswa fè jès ki vilgè. Elèv yo pa dwe desine oswa montre imaj ki gen karakteristik seksyèl bay okenn moun nan lekòl la. Joure oswa sèmante se bagay ki entèdi.

2.3 Fè jwèt batay ak jwèt menas: Elèv yo pa kapab fè jwèt batay epi/oswa menase lòt paske yon konpòtman konsa ap deranje sekirite kominote an.

2.4 Fimen: Fli entèdi pou fimèn epi posede nenpòt kalite tabak nan lekòl la, nan lakou lekòl la, oswa nan nenpòt aktivite ki gen pou wè ak lekòl la.

2.5 Alkòl, dwòg, ak akseswa dwòg: Elèv yo pa dwe pote alkòl, dwòg, oswa nenpòt akseswa dwòg nan lekòl la. Yo pa dwe fabrike, vann, manyen, posede, itilize, delivre, oswa anba okenn nivo enfliyans okenn bwason ki gen alkòl, entoksikan, oswa dwòg (entoksikasyon legal se pa yon egzijans). Elèv yo pa dwe rale okenn sibstans nan objektif pou entoksike tèt yo oswa vin anba enfliyans sibstans sa. Paran oswa responsab legal la dwe livre medikaman yo preskri yo ak tout yon otorizasyon alekri yon doktè nan lekòl la. Se enfimyè lekòl la ki dwe distribiye tout medikaman yo preskri yo. Jan yo dekri li pi ba a, posede sibstans nakotik nan objektif pou vann oswa distribiye se yon vyolasyon Kategori III epi li kapab lakòz sispansyon imedyà koupab la, yon rekòmandasyon pou mete koupab la deyò, ak yon transfè nan lapolis.

2.6 Materyèl pònografik: Nou pa otorize posesyon, distribisyon, oswa kreyasyon materyèl pònografik.

2.7 Vòlè: Elèv yo pa dwe pran anyen ki pa pou yo san pèmision oswa genyen yon bagay ki te vòlè nan men li.

2.8 Kondwit Agresif ki Deranje: Elèv yo pa dwe, ak okenn kategori kondwit (tankou men ki pa limite ak vyolans, fòs, bwi, presyon, menas, entimidasyon, oswa laperèz), lakòz gen deranjman, pwoblèm, oswa obstak nan fonksyonman lekòl la, aktivite, oswa evènman. Elèv yo pa gen dwa fòse lòt elèv yo angaje nan yon kondwit konsa nan objektif pou lakòz deranjman oswa obstak.

2.9 Aktivite gang: Aktivite gang defini antanke yon rasanbleman moun ki mete ansanm detanzantan, ki gen objektif pou vyole règleman lekòl la dapre sa lekòl la kwè nan yon fason rezonab. Elèv yo pa dwe mete oswa vin ak okenn rad, bijou, koulè, oswa senbòl yon pwofesè oswa administratè kapab wè nan yon fason ki rezonab antanke yon prèv elèv la fè pati gang oswa ki senbolize patisipasyon nan gang. Elèv yo pa dwe itilize okenn mo, ekspresyon, senbòl alekri, oswa jès ki idantifye yo volontèman antanke manm nan yon gang oswa ki senbolize patisipasyon nan yon gang, ni yo pa dwe rekrite lòt moun nan gang.

2.10 Degradasyon oswa destriksiyon byen: Elèv yo pa dwe grave, domaje, kraze, oswa detwi byen lekòl la oswa nenpòt bagay ki se zafè yon lòt moun. Elèvki detwi oswa sakaje byen lekòl yo gen obligasyon pou peye pou pèt ak dega yo, mete sou konsekans pèsònèl lekòl la estime ki apwopriye.

2.11 Move kondwit seksyèl oswa kontak ki pa apwopriye: Elèv yo pa dwe rantre nan okenn fòm aktivite seksyèl oswa touche tèt yo oswa lòt moun nan yon fason ki aseptab. Yo defini "pa aseptab" pandan yo itilize estanda "moun rezonab" la, sètadi, si yon moun rezonab nan kominote nou an ta wè yon aksyon gen karakteristik dezagreyab oswa agresif, kidonk li pa aseptab.

2.12 Anmède: Elèv yo pa dwe pran plezi sou, pwovoke, oswa deranje lòt yo nan objektif pou fè jwèt oswa pou fè mal.

2.13 Fo zam: Nou entèdi posesyon, itilizasyon, oswa transmision nenpòt bagay oswa enstriman ki se yon "kopi" zam oswa enstriman (egzanp, kouto kawotchou, oswa zam jwèt).

2.14 Langaj oswa trètman abizif oswa pwofàn: Elèv yo pa kapab itilize langaj abizif, menas, vilgè, san jèn, oswa ki ap degrade (tankou adjektif rasis oswa seksis oswa remak rayisab)

2.15 Rantre nan move itilizasyon rezo sosyal yo: Elèv yo pa dwe rantre nan kominikasyon oswa kondwit anliy ki kapab anmède oswa entimide nenpòt manm nan kominote lekòl la, oswa ki mennen nan yon fason rezonab nna deranjman anviwònman edikasyon an.

Kategori III vyolasyon konpòtman

Nenpòt elèv ki rantre nan aplike nenpòt nan konpòtman ki nan kategori sa kapab sibi mezi sispansyon oswa yo kapab mete li deyò lekòl la, epi transfere li bay lapolis.

3.1 Fè agresyon oswa bay kou ak bat moun: Elèv yo pa dwe fè agresyon, tankou agresyon seksyèl, oswa bay kou ak bat yon elèv, anplwaye lekòl la, oswa yon lòt moun. Agresyon se tantativ oswa menas pou fè yon lòt moun mal; agresyon pa oblije gen kontak fizik. Bat yon lòt moun vle di manyen moun sa yon fason ki ilegal.

3.2 Entimidasyon oswa asèlman (ansanm ak asèlman anliy yo): Yo defini asèlman tankou yon seri zak oswa yon sèl aksyon negatif (sa depan nivo li grav la) ki enplike yon dezekilib pouvwa ki vrè oswa ki parèt vrè, sètadi, kote yon elèv ki gen plis pouvwa (ki vrè oswa parèt vrè) ap fè asèlman sou yon lòt elèv ki gen mwens pouvwa oswa yo panse ki gen mwens pouvwa. Asèlman kapab pran anpil fòm, tankou men ki pa limite ak: (1)Fizik tankou frappe, tape, krache, pouse, epi pran bagay pèsònèl yon moun; (2)vèbal tankou fè vye blag, anmède, joure, menase yon moun; epi (3) sikolojik tankou gaye rimè; manipile relasyon moun ak moun; oswa rantre nan fè eksklizyon sosyal, koripsyon oswa entimidasyon. Asèlman anliy genyen ladan li itilizasyon teknoloji enfòmasyon, tankou imèl, mesajri, paj wèb pèsònèl, sal konvèsasyon, bipè, telefòn selilè, ak sistèm jwèt videyo nan asèlman, menas oswa entimidasyon delibere lòt elèv. Nou kapab pran kèk egzanp tankou voye mesaj oswa imaj ki mechan, vilgè oswa menasan; poste enfòmasyon sansib, prive sou yo lòt moun (tankou "sexting" ki se voye mesaj ki gen pou wè ak sèks), ak manipilasyon idantite lòt moun.

3.3 Chantay: Elèv yo pa dwe fòse yon moun - atravè entimidasyon, menas, oswa fòs - pou fè moun sa yon bagay li pa t swete fè. Elèv yo pa dwe rantre nan fè zak kote y ap pran oswa tante pran lajan oswa lòt bagay valè nan men yon moun ki pa vle.

3.4 Asèlman: Asèlman sou nenpòt fòm, tankou pyeje moun ak asèlman ki gen diskriminasyon ladan l entèdi. Elèv yo pa dwe fè okenn avans seksyèl san konsantman oswa demann pou jwenn avantaj seksyèl; oswa rantre nan kondwit fizik oswa vèbal ki gen pou wè ak sèks, koulè, ras, orijin nasyonal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, wotè, pwa, eta sivil, oswa andikap yon moun (egzanp, kòmantè rasyal oswa seksyèl, menas oswa joure, oswa kontak san konsantman). Elèv yo pa dwe angaje nan asèlman lòt elèv andeyò etablisman lekòl la anba okenn sikonstans kote kondwit andeyò lekòl sa: 1) gen enpak sou pwosesis edikasyon an; 2) aktyèlman mete sante ak sekirite elèv nouyo an danje; oswa 3) yo kwè li reprezante yon danje pou sante ak sekirite elèv nouyo. Sa gen ladan l asèlman alekri epi/oswa vèbal, tankou asèlman anliy, ki deranje fonksyonman ak disiplin lekòl la epi/oswa responsab lekòl yo prevwa ki kapab deranje travay edikasyon ak kilti lekòl la nan yon fason materyèl.

3.5 Aksyon kont manm pèsònèl yo: Asèlman (abi oswa mank respè alekri oswa vèbal),

entimidasyon, menas, oswa abi fizik sou yon manm pèsonèl la entèdi.

3.6 Zam: Elèv yo pa dwe posede, manevre, transmèt, oswa itilize antanke zam okenn enstriman ki kapab itilize pou fè yon lòt mal. Zam yo gen ladan yo, men yo pa limite ak:

- Zam ki ka tire: Nenpòt zam (tankou pistolè demaraj) ki kreye pou, oswa kapab rapidman transfòme yon fason pou voye yon bagay gras ak yon eksplozif.
- Eksplozif: Nenpòt sibstans oswa pwodui chimik yo prepare ki kapab eksploze oswa ki kapab lakòz gwo blese nan kò yon moun oswa ki nan yon fason rezonab kapab deranje yon moun, tankou fedatifis oswa pidetwal.
- Kouto: Nenpòt kouto oswa lam nenpòt dimansyon
- Pwodui Chimik tankou goudwon, gaz pwav oswa sibstans ki sanble ak sa yo.
- Pistolè elektrik; pwen metal; oswa blackjack
- Bagay ki danjere: Bagay yo entèdi ki pa kreye antanke zam ki kapab itilize oswa moun kapab panse itilize, tankou men ki pa limite ak razwa, koup bwat, mato, bwa bèzbòl, ak peny metal nenpòt longè ki gen yon manch file

3.7 Posesyon sibstans nakotik nan objektif pou distribiye oswa vann: Posesyon sibstans nakotik nan objektif pou distribiye oswa vann kapab lakòz sispanasyon imedyà koupab la, konsèy administrasyon lekòl la ap ranpli yon rekòmandasyon pou mete koupab la deyò lekòl la, epi transfere li bay ofisye fòs lòd yo.

3.8 Fo alam ensandi/dife oswa fo siyal bonb: Elèv yo pa dwe kraze oswa rale alam ensandi an desann nan okenn moman sof si gen yon ijans, ni yo pa dwe fè menas bonm.

3.9 Kòmanse yon dife: Kòmanse yon dife oswa fè mouvman pou kòmanse yon dife nan etablisman lekòl la se yon bagay ki entèdi.

Lwa pou pa gen zam nan Lekòl yo

Lwa federal ak eta yo egzije pou yo mete deyò lekòl la yon elèv ki te deside vin ak yon zam ki ka tire nan lekòl la, oswa ki te posede yon zam ki ka tire nan lekòl la pou yon peryòd pa mwens pase yon lane, sepandan direktè an kapab modifiye egzijans mezi mete deyò an pou yon elèv sou baz yon ka apre yon lòt, si modifikasyon sa fèt alekri, nan konfòmite ak Lwa pou pa gen zam nan Lekòl Federal 1994 la (amande an).

Mezi pou mete deyò sa dwe respekte egzijans Lwa sou Amelyorasyon Edikasyon Moun Andikap yo ak règleman aplikasyon li yo, pou yon elèv ki gen oswa yo panse andikap.

"Zam ki ka tire" jan yo itilize li nan lwa sa, defini nan 18 USC §921(a), epi li gen ladan li zam ki ka tire ak eksplozif.

Definisyon "zam ki ka tire" gen ladan men li pa limite ak:

- Nenpòt zam (tankou pistolè demaraj) ki kreye pou, oswa kapab rapidman transfòme yon fason pou voye yon bagay gras ak yon eksplozif.
- Amati oswa resepte nenpòt zam ki dekri pi wo an.
- Nenpòt silansye pou zam
- Nenpòt aparèy destriksyon, ki defini antanke nenpòt eksplozif, pwodui pou ensandi, oswa gaz

pwazon, tankou bonm, grenad, misil ki genyen yon chaj pwopilsyon ki peze plis pase kat ons, yon misil ki gen yon chaj eksplozif oswa ensandi ki peze plis pase yon ka ons, yon min oswa lòt aparèy ki sanblab.

Direktè an ap refere dosye nenpòt elèv ki pote yo zam ki ka tire oswa zam nan lekòl la. "Zam" jan yo itilize li nan kontèks sa vle di nenpòt aparèy, enstriman, materyèl, oswa sibstans yo itilize pou oswa ki kapab rapidman lakòz lanmò oswa blese ki grav sou kò yon moun, sepandan definisyon mo sa pa gen ladan li kouto pòch ak lam ki mezire mwens pase de pous edmi nan longè.

Konsekans nan salklas

Lè elèv yo febli epi demontre move konpòtman, pwofesè yo reyaji ak entèvansyon pou remete yo sou wout la. Move konpòtman ki ap pwolonje souvan mennen nan konsekans ki sevè, tankou transfè devan direktè an oswa direktè adjwen an.

Lè elèv yo pa respekte règ yo, youn nan fason pwofesè yo reyaji se ak konsekans lojik. Konsekans lojik yo pa la pou pinisyon. Yo ede elèv yo rekonèt enpak aksyon yo genyen epi repare nenpòt pwoblèm aksyon yo ta kapab lakòz. Konsekans lojik yo gen respè pou elèv la, yo adapte ak erè an, epi li rezonab pou pwofesè aplike epi elèv la egzekite yo.

Gen twa kategori konsekans lojik: pèt privilèj, kraze I/repare I epi Espas ak Tan. Tout konsekans lojik yo pral tonbe nan youn nan kategori sa yo--kategori ki itilize an pral gen pou wè ak sitiasyon an men tout ak sa yo konnen konsènan elèv la nan kad devlopman, edikasyon ak sosyal.

Pèt privilèj - Yon privilèj se yon opòtinite pou elèv yo aprann vin responsab lè yo ap aji poukont yo, tankou chwazi yon asosye oswa itilize ekipman sal klas la. Lè yon elèv gen difikilte pou jere responsabilite sa li ap pèdi privilèj la pou yon ti peryòd tan, jeneralman yon peryòd klas oswa yon jou.

Kraze I, Repare I - Kategori konsekans sa bay elèv yo opòtinite pou repare oswa netwaye yon bagay yo te kraze oswa vide atè, kèlkeswa se ekspresyon oswa se te yon aksidan. Li ranfòse lide ki fè konnen nou tout konn fè erè epi lè nou fè I, se responsabilite nou pou netwaye sa nou kite deyè yo.

Peryòd pinisyon Pozitif (lekòl primè)/Espas ak Tan (lekòl segondè) - Konsekans lojik sa pèmèt elèv ki ap pèdi konsantrasyon li an oswa ki gen pwoblèm kontwole pawòl oswa aksyon li yo ale nan yon espas nan sal klas la pou li kalme epi rejwenn konsantrasyon li.

Retire nan salklas la/voye bay asistan direktè lekòl la oswa direktè lekòl la

Konpòtman ekstrèm yo, tankou deranjman pwolonje yo, mank respè ekstrèm yo pou pwofesè an oswa lòt yo, oswa nenpòt agresyon fizik, kapa lakòz yo mete koupab la deyò klas la epi transfere li devan direktè adjwen an oswa direktè an, ki ap fini ak yon apèl lakay koupab la ak/oswa sispannyon.

Sipò anplis apre lekòl

Dapre desizyon administrasyon lekòl la, elèv yo kapab gen pou yo jwenn sipò apre lekòl pou aprann ankò, pratike oswa chèche konpòtman nou swete yo. Sipò apre lekòl la ap fèt apre lekòl lage epi yo ap aplike I sou elèv yo antanke rezilta ka sa yo men ki pa limite ak:

- Twòp reta.
- Twòp vyolasyon inifòm
- Twòp devwa adomisil oswa travay nan klas ki pa fin fèt oswa ki pa fèt
- Vyolasyon konpòtman Kategori I oswa II

Sipò aprè lekòl la kapab aplike nan menm jou move zak la te fèt la, men lekòl la ap fè paran yo/responsab legal yo konnen sa anvan li aplike konsekans lojik sa. Pratik detansyon sistemik yo pa gen plas yo nan Ascend Schools; sipò aprè lekòl a dwe aplike sou chak moun epi li dwe vize konpòtmana pwoblèm lan pou li kapab efikas.

Sispansyon

Ascend Schools te fè yon gwo rediksyon sou kantite sispansyon li te fè nan dènye senk lane yo atravè aplikasyon konsekans lojik yo. Sepandan, kèk fwa, yon elèv te tèlman vyole nòm kominote an se yon peryòd li dwe fè byen lwen kominote an pou nou kapab sipòte posibilite pou timoun nan retounen antre nan kominote an ak reparasyon dega ki te fèt yo. Nan Ascend Schools, sispansyon se yon dènye rekou.

Sispansyon pou mwaye jounen

Si yon etidyan dwe ale lakay li poutèt yon vyolasyon konpòtman, yon paran/responsab legal dwe vini lekòl la epi retire elèv la nan lakou lekòl la. Yo pa ranwaye elèv yo voye lakay yo pou yon vyolasyon konpòtman yo sof si paran an, responsab legal, oswa yon granmoun otorize te vini lekòl la an pèsòn.

Pwosedi epi pwosedi regilye pou sispansyon akoutèm

Yon sispansyon akoutèm siyifi retire elèv la nan lekòl la pou rezon disiplin pandan yon peryòd ki ka rive jiska dis (10) jou. Sa gen ladan li sispansyon anndan lekòl la ak sispansyon pou mwaye jounen yo.

Direktè an kapab enpoze yon sispansyon akoutèm epi li dwe swiv pwosesis pwosedi regilye yo konfòmman ak règleman federal an vigè yo. Anvan li enpoze yon sispansyon akoutèm, direktè an dwe fè elèv la konnen yon fason vèbal kijan aksyon li yo te vyole kòd kondwit la epi fè li konnen gen mezi disiplinè ki gen pou pran. Si etidyan an demanti move konpòtman li te genyen an, direktè an dwe bay yon eksplikasyon sou sa li kwè ki te pase an. Elèv la dwe jwenn yon opòtinite pou li demanti oswa eksplike vyolasyon kòd kondwit li te fè yo ki lakòz li ap sibi mezi sispansyon an.

Direktè an dwe fè paran an(yo) oswa responsab legal la(yo) konnen elèv la kapab sibi mezi sispansyon an nan yon nòt alekri. Nòt alekri an dwe transfere atravè livrezon pèsònèl (imèl, nan men) oswa atravè livrezon rapid lapòs nan yon espas 24 èdtan apre desizyon pou enpoze sispansyon an nan dènye adrès paran an(yo) oswa responsab legal la(yo) te rete an(yo). Nòt la kapab transfere atravè telefòn si lekòl la te resevwa youn oswa plizyè nimewo telefòn nan objektif pou kontakte paran an(yo) oswa responsab legal la(yo).

Nòt la dwe founi yon deskripsyon sa ki te rive an(yo) ki lakòz yo te pwopoze yon sispansyon epi li dwe fè paran an(yo) oswa responsab legal la(yo) konnen dwa yo genyen pou mande yon konferans imedyak ak direktè an. Nòt la ak konferans enfòmèl la dwe ekri epi fèt nan lang oswa mwayen kominikasyon paran an(yo) oswa responsab legal la(yo) si Ascend konnen yo pale yon lòt lang ki pa Anglè. Nan konferans lan, paran oswa responsab legal elèv la(yo) ak elèv la dwe jwenn opòtinite pou prezante

vèsyon elèv la genyen sou sa ki rive an epi pou poze obsèvatè yo kesyon dapre pwosedi direktè an kapab etabli. Nòt la ak opòtinite pou yon konferans enfòmèl dwe fèt anvan elèv la sibi mezi sispansyon an sof si prezans elèv la nan lekòl la reprezante yon danje pwolonje pou moun oswa etablisman oswa yon menas pwolonje pou deranje pwosesis akademik la, nan ka kote nòt la ak opòtinite pou yon konferans enfòmèl ta dwe fèt touswit apre sispansyon pratikab nan yonfason rezonab.

Li posib pou fè yon apèl pou desizyon direktè lekòl la devan direktè jeneral lekòl Ascend Learning yo, ki pral pran desizyon pa yo dapre dosye yo gen nan men yo. Tout apèl yo dwe fèt alekri epi soumèt devan direktè jeneral lekòl yo nan yon espas (10) jou ouvrab apre dat desizyon direktè an sof si paran an(yo) oswa responsab legal la(yo) kapab montre te gen sikonstans ekstraòdinè ki te anpeche yo fè sa. Direktè Jeneral lekòl yo pral sòti yon desizyon alekri nan yon espas dis (10) jou apre yo resevwa apèl la. Dènye desizyon direktè jeneral lekòl yo kapab transfere antanke apèl devan konsèy administrasyon an (epi apre sa devan òdonatè lekòl la epi apre devan konsèy gouvènè yo).

Pwosedi epi pwosedi regilye pou sispansyon ak ekspilsyon alontèm

Yon sispansyon alontèm siyifi retire elèv la nan lekòl la pou rezon disiplin pandan yon peryòd ki pi plis pase dis (10) jou. Ekspilsyon siyifi retire yon elèv nan lekòl la nèt poutèt rezon disiplin. Se nivo ki pi wo nan korije yon elèv.

Nan pwosesis pou detèmine si aksyon yon elèv kapab lakòz li sibi mezi sispansyon oswa ekspilsyon, se pwosedi ki pi ba an ki ap aplike konfòmman ak règleman federal an vigè yo:

- Si sa nesèsè, yo dwe retire elèv la touswit nan klas la ak/oswa lekòl la.
- Direktè an dwe fè elèv la konnen yon fason vèbal kijan aksyon an vyole kòd kondwit la epi nenpòt prèv ki asosye ak aksyon sa yo; si posib, elèv la pral gen opòtinite pou eksplike vèsyon pa yo sou sa ki te pase a.
- Direktè an dwe fè paran an(yo) oswa responsab legal la(yo) konnen sa atravè telefòn oswa fas a fas.
- Direktè an dwe remèt yon nòt alekri ki di lekòl la pral kòmanse yon odyans disiplinè pou elèv la ak paran li an(yo) oswa responsab legal li an(yo) atravè livrezon pèsònèl oswa atravè livrezon rapid lapòs touswit nan dènye adrès paran an(yo) oswa responsab legal la(yo) te rete an(yo). Nòt sa dwe bay yon deskripsyon sa ki rive an epi li dwe di ap gen yon odyans nòmal ki ap fèt sou dosye an ki kapab lakòz gen mezi sispansyon alontèm oswa ekspilsyon ki pran. Nòt la ak konferans enfòmèl la dwe ekri epi fèt nan lang dominan paran an(yo) oswa responsab legal la(yo) si Ascend konnen yo pale yon lòt lang ki pa Anglè. Nòt la ap di elèv la dwe genyen dwa pou yon avoka reprezante li (fanmi an k ap depanse), prezante epi poze temwen yo kesyon, epi prezante prèv.
- Lekòl la ap planifye yon dat, lè, epi yon kote pou odyans fòmèl la, ki pral afiche nan nòt alekri ki dekri pi wo an.
- Lekòl la pral voye prèv lekòl la prevwa baze tèt li sou li an ak yon lis temwen li ap panse rele bay paran an(yo) oswa responsab legal la(yo). Paran an(yo) oswa responsab legal la(yo) dwe fè lekòl la konnen nan yon espas tan ki rezonab anvan odyans lan si yo ap chèche nenpòt lòt dokiman ki gen enpòtans. Lekòl la rezève dwa li genyen pou fè chanjman nan lis temwen li an ak prèv li te prezante an.
- Yon fichye anrejistreman odyo odyans fòmèl la ap kreye epi disponib pou tout pati yo sou demann.

Pou yon odyans sispansyon alontèm, direktè jeneral lekòl yo oswa reprezantan yo, dwe sèvi antanke

ofisye odyans epi prezide odyans lan. Pou yon odyans ekspilasyon, manm konsèy administrasyon oswa reprezantan li ap la antanke ofisye odyans la. Yon desizyon alekri ap sòti nan yon espas senk (5) jou apre odyans fòmèl la pou elèv la ak paran li an(yo) oswa responsab legal li an(yo).

Li posib pou fè yon apèl pou desizyon alekri an devan konsèy administrasyon an, ki pral pran desizyon pa yo sèlman dapre dosye yo gen nan men yo. Tout apèl devan Konsèy yo dwe fèt alekri epi soumèt devan Konsèy la nan yon espas (10) jou ouvrap apre dat desizyon direktè an sof si paran an(yo) oswa responsab legal la(yo) kapab montre te gen sikonstans ekstraòdinè ki te anpeche yo fè sa. Konsèy administrasyon an pral sòti yon desizyon alekri nan yon espas dis (10) jou apre yo resevwa apèl la. Dènye desizyon konsèy administrasyon yo kapab transfere antanke apèl devan òdonatè lekòl la.

Pwovizyon pou enstriksyon ki fèt pandan ranvwa a

Lekòl la ap fè si gen sèvis edikasyon altènatif ki disponib pi yon elèv ki te sibi mezi sispansyon oswa ekspilasyon pou ede elèv sa pwogrese nan pwogram edikasyon jeneral lekòl la. Enstriksyon altènatif pou elèv ki sibi mezi sispansyon yo ap dire ase tan pou pèmèt elèv la kouvri tout materyèl klas la, pase tout tès yo ak egzamen yo. rete nan menm nivo al lòt elèv yo, epi pwogrese nan lòt klas la apre sa. Tout elèvki sibi mezi sispansyon an gen dwa pou yo resevwa enstriksyon altènatif apati 24 èdtan apre sispansyon oswa ekspilasyon an. Dat enstriksyon altènatif yo pral afiche nan li sispansyon elèv la. Tout elèv yo ap resevwa yon minimòm dezèdtan enstriksyon altènatif pa jou.

Pou yon elèv ki te sibi mezi ekspilasyon an, enstriksyon altènatif ap disponib pou li menm jan ak yon elèv ki sibi mezi sispansyon jiskaske elèv la enskri nan yon lòt lekòl oswa jiskaske ane lekòl la fini, kèlkeswa sa ki fèt anvan an.

Enstriksyon an ap fèt nan youn nan kote ki pi ba yo: lakay elèv la, nan yon sant ki sou kontra oswa nan yon sal sispansyon nan yon lòt lekòl Ascend. Youn oswa plis nan moun ki pi ba yo pral reyalize chay enstriksyon an: pwofesè, asistan pwofesè an, oswa yon ansenyan yo chwazi pou sa menm. Tanpri remake nenpòt moun ki ta vin reyalize enstriksyon an pral gen pou li aplike tout egzijans sètifikasyon ki dekri nan Seksyon 2854(3)(a-1) nan Lwa sou Edikasyon Eta New York la.

Disiplin pou elèv ki andikape yo

Mete sou pwosedi disiplin ki aplikab sou tout elèv yo, pwosedi ki pi ba yo aplikab sou elèvki gen andikap yo. Yon etidyan yo pa idantifye antanke andikape men distri eskolè rezidans li oswa lekòl elemantè li an te gen yon konesans sou egzistans yon andikap anvan konpòtman ki reprezante motif mezi disiplinè an te afiche - konfòmeman ak 34 CFR §300.534 - dwe sibi mezi disiplin yo konfòmeman ak dispozisyon sa yo. Lekòl la dwe konfòme li ak atik 300.530-300.536 nan Kòd Règleman Federal yo ak pwosedi ki pi ba yo, sepandan nan ka kote pwosedi ki pi ba yo pa annakò ak lwa epi règleman federal yo, lwa ak règleman federal sa yo dwe gen priyorite.

Lekòl la dwe kenbe nan rejis alekri tout sispansyon ak ekspilasyon elèvki gen andikap yo ak tout non elèv la, yon deskripsyon konpòtman li te genyen an, mezi disiplinè ki te pran an, ak yon rejis kantite jou yon elèv te fè nan sispansyon oswa ekspilasyon pou rezon disiplin.

Elèv IEP yo te gen yon Plan Entèvansyon pou Konpòtman an (Behavior Intervention Plan, BIP) yo pral sibi mezi disiplin konfòmeman ak BIP la. Si BIP la parèt pa efikas oswa si genyen yon pwoblèm pou sante ak sekirite elèv la oswa lòt yo swiv BIP la selon vyolasyon an, yo ap soumèt dosye an devan Komite Edikasyon Espesyal la (Committee on Special Education, CSE) pou panse sou chanjman yo.

Si yo dekouvri yon elèv andikape ki sibi mezi sispansyon an pandan ane eskolè an pandan yon total dis (10) jou, elèv sa dwe transfere bay CSE nan distri eskolè rezidans elèv la pou yo egzamine klasman

edikatif elèv la ankò. Elèv sa pa dwe sibi mezi sispansyon an pou yon total ki plis pase dis (10) jou pandan ane eskolè an san patisipasyon espesifik CSE nan distri eskolè rezidans elèv la anvan onzyèm jou sispansyon an, paske sispansyon sa yo kapab konsidere antanke chanjman nan klasman an.

Nan konsiderasyon plasman elèv yo transfere pou pwoblèm disiplinè yo, CSE nan distri eskolè rezidans elèv la dwe swiv règleman òdinè yo pandan li ap fè paran an(yo) oswa responsab legal la(yo) konnen epi pèmèt yo patisipe.

Ascend pral fè si kowòdinatè edikasyon espesyal la oswa pwofesè edikasyon espesyal yo ak/oswa pwofesè jeneral la ap patisipe nan tout reyinyon ki gen pou wè ak elèv yo CSE nan distri eskolè rezidans elèv la deside fè. Reyinyon sa yo kapab gen pou wè ak devlopman ak aplikasyon plan entèvansyon sou konpòtman yo, premye referans yo, chanjman nan sèvis yo, oswa revizyon anyèl, Egzamen Detèminasyon Manifestasyon (Manifestation Determination Reviews, MDRs), elatriye.

Pwovizyon pou sèvis pandan ranvwa a

Lekòl la pral plase elèv yo nan yon kad edikatif altènatif pwovizwa konfòmman ak 34 C.F.R. § 300.531 la.

Elèv yo retire pou yon peryòd mwens pase dis (10) jou youn dèyè lòt yo pandan ane eskolè an pral resevwa tout devwa klas yo ak yon orè pou konplete devwa sa yo pandan tan yo fè nan sispansyon an. Gen dispozisyon ki ap pran pou pèmèt yon elèv ki nan sispansyon fè tout devwa oswa pase tout tès li te manke poutèt li te nan sispansyon yo. Lekòl la founi enstriksyon altènatif adisyonèl pou ede elèv lan, pou elèv la jwenn tout opòtinite pou konplete devwa yo epi metrize pwogra, eskolè an, tankou enstriksyon adisyonèl, asistans nan telefòn, enstriksyon elektwonik, ak/oswa vizit adomisil ak ansèyman fas a fas.

Pandan moman nenpòt mezi pou ranvwaye elèv la, ansanm ak sa ki te pran deja yo sa ki pral egal ak dis (10) oswa plis jou lekòl pandan ane eskolè an, men ki pa reprezante yon chanjman nan klasman, sèvis yo dwe disponib nan limit ki nesèsè pou pèmèt timoun lan pwogrese kòm sadwa nan pwogram eskolè jeneral la epi atenn objektif Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) li an. Nan ka sa yo, pèsonèl lekòl la, nan konsiltasyon al pwofesè edikasyon espesyal timoun lan, dwe deside ki sèvis ki ap disponib.

Pandan moman nenpòt mezi pou ranvwaye elèv la ki reprezante yon chanjman nan klasman, men kote konpòtman an pa yon manifestasyon andikap lan, sèvis yo dwe disponib nan limit ki nesèsè pou pèmèt timoun lan pwogrese kòm sadwa nan pwogram eskolè jeneral la epi atenn objektif Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) li an. CSE nan distri eskolè rezidans elèv la pral deside ki sèvis ki ap disponib.

Pandan moman nenpòt mezi pou ranvwaye yon elèv pou dwòg, zam, sibstans kontwole ak/oswa agresyon ki grav sou kò moun konfòmman ak 34 CFR §300.530(g), sèvis yo dwe disponib nan limit ki nesèsè pou pèmèt timoun lan pwogrese kòm sadwa nan pwogram eskolè jeneral la epi atenn objektif Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) li an. CSE nan distri eskolè rezidans elèv la pral deside ki sèvis ki ap disponib.

Pwosedi regilye adisyonèl (revizyon detèminasyon manifestasyon - MDR)

Si yo panse pran yon mezi disiplinè ki ta kapab lakòz yon chanjman nan klasman pou nenpòt elèv ki andikape, yo dwe swiv etap ki pi ba yo: (1) Pa pi ta pase dat desizyon an te pran pou mezi sa aplike, lekòl la dwe fè paran elèv andikape an(yo) oswa responsab legal elèv andikape a(yo) konnen desizyon li ki pran an epi li dwe bay yo nòt garanti pwosedi yo ki dekri nan 34 CFR §300.504; epi (2) touswit, si

sa posib, men nan okenn sitiyasyon pi ta pase dis (10) jou lekòl apre dat desizyon an te pran, CSE nan distri eskolè rezidans elèv la ak lòt pèsonèl kalifye dwe reyini epi egzamine relasyon ki genyen ant andikap elèv la ak konpòtman yo pran mezi disiplinè pou li an.

Si, apre yo fin egzamine, yo detèmine konpòtman elèv la pa t yon rezilta manifèstasyon andikap li an, kidonk elèv la ap sibi mezi disiplinè nan menm fason ak yon elèv ki pa andikape, sof jan sa di nan 34 CFR §300.530(d), ki gen pou wè ak disponiblite sèvis pou elèv ki andikape pandan peryòd ranvwa yo.

Paran yon elèv(yo) oswa responsab legal yon elèv(yo) kapab fè demann yon odyans pou kanpe anfas mouvman pou konsta manifèstasyon an. Sof nan ka ki afiche pi wo an, elèv la ap rete nan klasman edikatif aktyèl li an annatant desizyon ofisye odyans lan

Si yon paran oswa responsab legal fè demann yon odyans oswa yon apèl pou kanpe anfas kad edikatif altènatif pwovizwa an oswa konsta manifèstasyon ki se rezilta yon mezi disiplinè ki pran pou koze dwòg, zam, oswa agresyon ki grav sou kò yon moun, elèv la dwe rete nan kad edikatif altènatif pwovizwa annatant desizyon ofisye odyans lan oswa jiskaske peryòd tan pou mezi disiplinè an ekspire, kèlkeswa sa ki rive anvan an, sof si paran an oswa responsab legal la ak lekòl la ta dakò yon lòt bagay.

Elèv ki genyen yon plan 504 epi se elèv "yo konsidere yo konnen"

Nan sa ki konsène mezi disiplinè yo, tankou sispansyon oswa eksklizyon Seksyon 504 dwa sou elèv ki gen andikap nan lekòl tradisyonèl yo lekòl se menm bagay ak lòt elèv ki gen andikap yo.

Lè y ap abòde kesyon disiplin pou elèv ki gen andikap yo, tankou elèv ki gen plan 504 lan oswa moun ki "sipoze gen yon andikap," Ascend pral respekte kondisyon legal ki aplikab k ap gouvènè disiplin yon elèv nan ka move kondwit elèv.

Respekte kondisyon IDEA nan kesyon fouye timoun

Ascend pral respekte kondisyon federal nan Fouye Timoun (34 CFR §300.111), ki mande pou lekòl yo mete yon pwosesis idantifikasyon an plas, lokalize ak evalye elèv ki gen andikap yo. Elèv ki enskri pou pwemye fwa nan yon lekòl piblik New York pral gen yon ekip pwofesè (pwofesè edikasyon regilye ak espesyal) ki evalye yo pou idantifye nenpòt endikasyon posib timoun nan ka bezwen yon Pwogram Edikasyon espesyalize oswa endividyalize oswa rekòmandasyon nan CSE ki nan distri rezidans elèv la. Ekip lan pral pote atansyon ak lòt elèv yo si yo demontre yo gen difikilte nan anviwònman salklas nòmal lan. Yo pral aplike estrateji après pou yo ka abòde tout bezwen espesyal elèv lan yo te idantifye. Si pwoblèm yo pèsiste epi yo detekte yon andikap, yo pral refere elèv la bay CSE ki nan distri ote elèv lan ap viv lan pou yo fè yon evalyasyon.

Chatiman kòporèl

Okenn anplwaye oswa ajan lekòl la pa gen dwa pou bay yon elèv pinisyon kòporèl antanke yon sanksyon pou move kondwit. Tèm "pinisyon kòporèl" lan vle di tout aksyon fòs fizik yo fè sou yon elèv nan ojektif pou yo bay elèv sa a pinisyon. Tèm nan pa vle di yon pwofesè itilize fòs fizik ki pa twò deranje pou pwoteje tèt yo kont blesi fizik; pwoteje yon lòt moun kont blesi fizik; pwoteje pwopriyete, oswa kenbe oswa retire yon elèv ki gen konpòtman ki anpeche fè sa ki gen pou fèt lan ak pèfòmans nan fonksyon lekòl la, pouvw a oswa devwa, si elèv sa a te refize respekte yon demann pou evite aksyon k ap deranje, epi bay solisyon sa ansanm ak pwosedi ak metòd ki pa enplike itilizasyon fòs fizik ki ka pa rezonab yo itilize pou reyalize objektif sa yo.

Pwosedì Fouy

Pou sekirite elèv yo ak tout moun ki nan kominote Ascend lan, pwopriete lekòl ki la pou elèv yo menm, tankou kazye, pòt manto, amwa, ak biwo, sa yo rete byen lekòl la. Elèv yo pa dwe atann y ap respekte lavi prive yo nan zòn sa yo.

Direktè a oswa yon reprezantan li pral fouye nan sak, biwo, kabinè, kazye, ak moun yon elèv sèlman lè li gen yon rezo valab pou kwè yon elèv gen yon atik yo entèdi nan lekòl lan oswa ki ka kanpe oswa deranje pwosesis fòmasyon an.

Se direktè a oswa reprezantan li ki pral bay otorizasyon pou fè fouy yo. Omwen de (2) manm nan ekip lekòl la ap prezan pandan fouy lan. Atik yo entèdi nan lekòl la, oswa y ap itilize pou kanpe oswa deranje pwosesis edikasyon an, dirijan lekòl lan ka retire yo nan biwo, sak, valiz nan do, amwa, kazye elèv lan. Paran yo oswa responsab legal yo pral enfòmè yo pral fè yon fouy sou timoun yo an menm anvan fouy lan fèt lè sa ap posib lan; sinon, se apre fouy lan fin fèt lan y ap enfòmè paran yo.

Yo ka pase elèv yon eskanè pou metal san anonse detanzantan dapre politik fouy ak sezi Ascend genyen, yo ka jwenn sa lè y ap kontakte biwo direktè a. Sa ta ka ladan li pase anba yon eskanè pou detekte metal oswa yon eskanè pou kenbe nan men.

Plent

Ascend Charter Schools pran angajman pou rezoud pwoblèm ak plent nan yon fason kote y ap tout moun santi yo respekte, tandè epi konprann yo. N ap ankouraje tout moun k ap pote plent yo avan tout bagay se kontakte moun ki enplike a pou bay li yon chans reponn oswa rezoud pwoblèm lan a nou de (2). Si pwoblèm lan pa rezoud, genyen de (2) pwosedì yo dekri anba la. Premye pwosedì a konsène plent enfòmèl selon enstriksyon, fonksyonman oswa administrasyon lekòl la. Dezyèm lan konsène plent fòmèl yo, sa vle di si w kwè lekòl lan te vyole yon règ nan konstitisyon li yo oswa lwa li an. Tout fason, Ascend Public Charter Schools entèdi pou yo bay moun ki plent yo sanksyon.

Plent ki enfòmèl

Yo pral defini plent enfòmèl yo antanke tout pwoblèm ki pase ki pa kite kwè yon lekòl te vyole yon règ nan konstitisyon oswa nan lwa li yo. Yon moun ki yon plent enfòmèl sou lekòl lan ta dwe kominike pwoblèm lan nan ason sa a:

- Plent konsènan sèvis yo bay chak jou, tankou sèvis transpò, manje, oswa etablisman, yo ta dwe adrese yo bay asistan direktè lekòl la ki responsab aktivite yo.
- Plent ki gen rapò ak tretman elèv yo anplwaye oswa elèv parèy yo; yo ta dwe abòde sa ak pwofesè ki konsène a an premye, apresa bay asistan direktè lekòl la pou klas ki konsène yo.
- Plent ki gen rapò ak nòt oswa pwoblèm pedagogik yo; yo ta dwe abòde sa ak pwofesè ki konsène a an premye, apresa bay asistan direktè lekòl la pou klas ki konsène yo.

Si yo pa rezoud pwoblèm yo nan nivo sa a, moun ki gen plent lan dwe kontakte direktè a. Si pwoblèm lan rete san rezoud, moun ki gen plent lan ta dwe kontakte direktè an chèf lekòl Ascend Public Charter Schools yo. Si moun ki gen plent lan toujou gen pwoblèm paske plent lan pa rezoud apre li fin pale ak direktè lekòl yo, li kapab fè apèl ak prezidan direktè jeneral Ascend Learning oswa konsèy administrasyon Ascend Charter Schools nan 205 Rockaway Parkway, Brooklyn, NY 11212 ak nan info@ascendlearning.org. Moun ki gen plent lan kapab patisipe nan yon reyinyon administrasyon an

epi pale pandan moman tout moun ap ote sijesyon yo an. Yo afiche lè ak zòn reyinyon administrasyon an sou sitwèb lekòl lan nan www.ascendlearning.org. Si w bezwen pale ak Ascend nan telefòn pou w ka poze kesyon sou pwosesis sa a oswa pou resevwa èd pou kontakte yon moun, tanpri rele nan 347-464-7600.

Plent ki fòmèl

Lwa sou Edikasyon New York prevwa tout moun oswa gwoup ki kwè yon lekòl te vyole konstitisyon li yo, Lwa New York Charter Schools ane 1998, oswa nenpòt lòt lwa ki gen rapò ak jesyon oswa fonksyonman lekòl tradisyonèl yo, ka pote yon plent bay konsèy administrasyon lekòl tradisyonèl lan.

Plent alekri o voye bay konsèy administrasyon an dwe genyen: (1) yon deklarasyon detaye konsènan plent lan oswa doleyans lan, tankou lwa a oswa règleman ki swadizan yo vyole a, non moun ki nan lekòl la ki swadizan te pran amezi konsène yo, ak lè a, dat, epi kote ensidan an pase a; (2) korespondans ki konsène a; (3) ki mezi moun ki gen plent lan ap chache nan men konsèy administrasyon an; ak (4) non, adrès, ak nimewo telefòn moun ki pote plent lan. Moun ki Pote Plent lan kapab plent lan oswa doleyans lan nan biwo prensipal bay konsèy administrasyon oswa voye li nan imèl bay info@ascendlearning.org.

Konsèy administrasyon an ap di li resevwa plent lan oswa doleyans lan nan yon semèn, epi di ki mezi konsèy lan planifye pou mennen ankèt lan sou akizasyon yo. Yo pral abòde plent ak doleyans yo nan pwochen reyinyon konsèy lan sòf si prezidan konsèy la detèmine pwoblèm lan se tankou yon ijans li ye yo dwe fè yon reyinyon espesyal pou reponn ak bezwen yo. Se sèlman prezidan konsèy lan ki kapab pran desizyon an.

Anvan reyinyon konsèy la, prezidan konsèy administrasyon an pral eseye rasanble prèv nesèsè pou evalye fondman plent lan oswa doleyans lan. Nan reyinyon konsèy la, prezidan an pral fè rezime pwoblèm lan bay lòt manm konsèy yo, swa pandan reyinyon tout moun la oswa pandan sesyon ki fèt apa, si li apwopriye. Nan kèk ka, yo ka pran yon desizyon nan reyinyon an, epi nan lòt ka, yo pral mande plis enfòmasyon ak lòt verifikasyon. Prezidan an pral fini ak diskisyon an sou plent lan oswa doleyans lan pa youn nan mwayen sa yo:

- Pran yon desizyon; oswa
- Mandè pou fè plis ankèt, tankou yon kalandriye, epi chwazi moun ki pou byen egzekite lòt etap yo. Prezidan an pral kontinye swa ekri yon lèt desizyon epi voye li bay moun ki gen plent lan epi pandan l ap antre li nan pwosè lòt reyinyon an, oswa kontinye epi fini ak ankèt jan plan an mande sa, apres a pibliye yon lèt sou desizyon an.

Après yo fin pran yon desizyon, konsèy administrasyon an pral bay moun k ap pote plent lan:

- Detèminasyon alekri ansanm ak tout mezi koreksyon.
- Yon eksplikasyon alekri sou dwa moun k ap pote plent lan pou li konteste kont desizyon dirijan lekòl la.

Si, apre yon fin transmèt dènye desizyon konsèy administrasyon lan bay moun ki pote plent lan, moun ki pote plent lan detèmine konsèy lan pa te abòde plent lan nan bon fason an, yo ka konteste kont òganizasyon an, ki te mennen ankèt epi pou li reponn.

Enfòmasyon Kontak òganizasyon ki bay otorizasyon an:

Enstiti SUNY Charter Schools
SUNY Plaza
353 Broadway
Albany, NY 12246

Si, apre moun ki gen plent lan fin prezante, moun ki pote plent lan detèmine òganizasyon ki bay otorizasyon an pa te byen abòde plent lan nan bon fason an, yo ka konteste kont òganizasyon ki bay otorizasyon an, ki te mennen ankèt lan epi pou li reponn.

Enfòmasyon Kontak:

New York State Education Department
89 Washington Avenue
Board of Regents, Room 110 EB
Albany, New York 12234
RegentsOffice@mail.nysed.gov

Fason yo dakò pou itilize teknoloji ak entènèt

An jeneral, fason yo dakò pou itilize teknoloji vle di respekte dwa itilizatè òdinatè yo, entegrite instalasyon fizik yo, ak tout lisans ki enpòtan ak akò kontra.

Fason yo dakò pou itilize rezo a gen ladan aktivite ki sipòte aprantisaj, ansèyman ak komunikasyon. Yo ankouraje elèv ak fakilte yo pou eksplore epi devlope nouvo fason pou sèvi ak teknoloji pou sipòte objektif ansèyman ak aprantisaj Ascend yo.

Itilizasyon entènèt

Ascend Charter Schools pa responsab pou aksyon okenn moun ki konekte sou entènèt la; tout itilizatè yo dwe asime tout responsablite, legal, finansye oswa otreman, pou aksyon yo. Pi lwen, chak lekòl pa pran okenn responsablite pou nenpòt enfòmasyon oswa materyèl ki transfere atravè entènèt la epi li pa bay okenn garanti, enplisit oswa otreman, konsènan fyabilite koneksyon done yo. Lekòl la pa responsab pou okenn pèt oswa koripsyon done pandan itilizatè yo sou Entènèt la. Lekòl la rezève dwa pou egzaminen tout done ki estoke nan òdinatè yo avèk kapasite Entènèt pou asire l tout itilizatè yo konfòme yo avèk tout règ ak règleman ki kapab aplike yo.

Kont elèv yo

Yo kontwole aksè Entènèt nan Ascend Public Charter Schools yo atravè kont endividyèl ak modpas. Se responsablite chak elèv pou kenbe enfòmasyon idantifikasyon yo prive epi pou kenbe ak pwoteje aksè nan dosye pèsònèl ak konfidansyèl yo ak tout resous elektwonik yo bay yo ki pwoteje ak modpas.

Filtraj

Ascend konfòme li avèk Lwa sou Pwoteksyon Entènèt pou Timoun yo atravè yon filtè entènèt ki konfòme l ak CIPA. Filtè sa a se yon mezi pwoteksyon teknoloji ki bloke sit entènèt yo jije ki pa gen kontni, grafik, mesaj, oswa entansyon (sètadi sit entènèt ki gen bagay vilgè sou li, pònografi, oswa ki

nuizib pou minè). Malgre yo plede mete filtè a ajou, li pa yon sekirite ki garanti kont tout sit ki pa apwopriye yo.

Fason yo pa dakò pou itilize teknoloji

Elèv yo dwe sèlman angaje yo nan itilizasyon apwopriye, responsab, etik, ak legal resous teknoloji rezo a.

Itilizasyon ki pa akseptab pou teknoloji gen ladan, men ki pa limite ak:

- Sèvi ak enfòmasyon idantifikasyon rezo ki pou yon lòt moun.
- Vyole dwa pou vi prive elèv oswa anplwaye Ascend Charter Schools oswa lòt moun ki pa nan kominote Ascend la.
- Sèvi ak pwodwi teknoloji edikatif Ascend Charter Schools pa apwouve alavans oswa apwouve atravè pwosesis revizyon an.
- Lè w itilize rezo a pou asele oswa entimide yon lòt moun oswa plizyè lòt moun.
- Itilize langaj pwofàn oswa obsèn ki ka ofanse yon lòt itilizatè.
- Kopye sa moun kreye ak/oswa kopye materyèl nan vyolasyon lwa sou dwadotè.
- Itilize rezo a pou rantre lajan oswa pou nenpòt aktivite kòmèsyal oswa ilegal.
- Aji nan yon fason ki degrade oswa deranje pèfòmans sistèm nan oswa antre san otorizasyon ak/oswa destriksyon sistèm ak dosye enfòmasyon yo.
- Twòp itilizasyon band pasant lan afekte pèfòmans rezo a oswa entènèt lòt moun.
- Repibliye kominikasyon pèsònèl san konsantman alavans otè a.
- Gen aksè, telechaje, estoke oswa enprime dosye oswa mesaj ki ilegal, obsèn oswa ki ofanse oswa degrade yon lòt moun.
- Itilize BitTorrent oswa lòt metòd peer-2-peer kòm yon mwayen pou telechaje yon fason ilegal materyèl ki gen dwadotè sou yo tankou fim, mizik, jwèt, pwogram, elatriye.
- Itilize nenpòt ki teknoloji oswa aparèy pou dezaktive, kontoune, oswa eseye kontoune politik sekirite, sistèm pwoteksyon oswa lòt aparèy rezo Ascend lan. Sa t ap gen ladan woutè pèsònèl, Pataj Koneksyon Entènèt, Pwoksi, Zouti pou Parèt Anonim, VPN yo, oswa lòt aparèy ak metòd.

Paran ak reponsab legal minè yo finalman responsab pou mete ak transmèt nòm pitit yo dwe swiv lè y ap itilize medya dijital, teknoloji, ak sous enfòmasyon.

Dega, Pèt, ak Vòl

Anplwaye yo ak elèv yo se gadyen teknoloji Ascend lan epi yo ka responsab yon fason finansye pou domaj, pèt, oswa vòl akòz neglijan. Egzanp yo gen ladan yo, men ka gen lòt toujou:

- Domaj akòz yo kite teknoloji Ascend nan yon machin oswa yon lòt kote ki ekspozè ak chalè, freddi, oswa imidite
- Domaj akòz bwason oswa manje ki ranvèse oswa andonmaje akòz li te tonbe
- Vòl akòz yo kite monte teknoloji Ascend san siveyans oswa nan yon kote ki pa an sekirite

Ascend pa bay okenn garanti ekspès oswa enplisit pou aksè Entènèt li bay oswa resous ki disponib atravè itilizasyon rezo nou an. Nou pa ka elimine konplètman aksè ak enfòmasyon ki ofansif oswa ilegal ak ki sou rezo ki pa sou kanpis Ascend yo. Ascend pa garanti disponiblite aksè ak entènèt la epi li p ap responsab pou okenn enfòmasyon ki ka pèdi, andonmaje, oswa ki pa disponib akòz difikilte teknik ak/oswa lòt difikilte.

Pa rive respekte gid teknoloji yo

Nenpòt itilizasyon teknoloji oswa konpòtman ki pa swiv direktiv yo ka lakòz ou sibi mezi disiplinè.

Elèv yo ka pèdi aksè yo ak resous enfòmasyon lekòl la ansanm epi sibi pwosedi disiplinè estanda. Anplis de sa, yo ka voye fakti bay elèv yo si yo bezwen repare, restore, oswa ranplase pyès ak/oswa lojisyèl ki nan òdinatè akòz itilizasyon iresponsab. Pwosedi disiplinè ki soti nan itilizasyon ki pa apwopriye pou teknoloji ka gen ladan:

- Revokasyon tanporè oswa pèmanan aksè ak kèk oswa tout resous epi enstalasyon enfòmasyon ak rezo;
- Aksyon disiplinè dapre kòd disiplin Ascend la; ak/oswa
- Moun yo ap fè fas tou ak lwa federal, eta ak lokal ki gouvènè anpil echanj ki fèt sou entènèt la

Règleman ak lwa sa yo kapab chanje pandan lwa eta a ak lwa federal yo ap devlope ak chanje.

Siveyans

Ascend ka siveye nenpòt aktivite entènèt ki fèt sou ekipman oswa kont Ascend yo. Si Ascend dekouvri aktivite ki pa konfòme yo avèk lwa ki akseptab oswa politik depatmanal, yo ka itilize dosye yo rekiperè yo pou dokimante kontni ki swiv kòd konduit nou an.

Rapèl

- Sonje pa gen okenn vi prive sou entènèt. Pa voye anyen ou pa t ap kontan wè yo pibliye oswa pataje ak paran ou.
- Atik yo pibliye sou entènèt yo rete la sou li epi yo ka plede repwodui yo menm apre ou panse yo te efase. Pa pibliye anyen ou pa ta vle lòt administratè oswa anplwayè kolèj la wè.
- APCS pa ka pwoteje elèv yo kont tout materyèl ki pa apwopriye oswa ilegal. Si yo voye ba ou yon bagay ki pa apwopriye, ofansif, oswa ilegal, se responsablite w pou rapòte li bay yon pwofesè, asistan direktè, oswa estaf teknoloji a.
- Lè w ap monte sou sit kote se moun ki pa nan kominote APCS la ki ka monte sou yo, pa kominike non konplè ou, laj, nimewo telefòn, oswa lòt enfòmasyon pèsònèl sou ou oswa sou lòt moun. Yo rekòmande pou ou itilize yon imèl ki pa imèl APCS pou tout sa w ap fè ki pa gen rapò ak lekòl la.
- Elèv yo dwe voye imèl bay pwofesè ak anplwaye yo atravè imèl APCS sèlman.
- Pou siyale abi teknoloji, kontakte yon administratè lekòl la, asistan direktè lekòl la, oswa voye yon imèl bay technology@ascendlearning.org

Imèl

Apre yon tan, elèv yo ka gen aksè ak sistèm imèl lekòl yo a atravè yon modpas lekòl la ki inivèsèl; sepandan, sistèm lan se pou lekòl la epi tout mesaj imèl yo se dosye lekòl la. Okenn elèv pa dwe atann yo y ap gen vi prive konsènan itilizasyon entènèt la oswa imèl. Lekòl la rezève dwa l, pou rezon lejitim lekòl la, pou gen aksè ak sa ki nan kominikasyon elektwonik elèv yo san yo pa konsidere kontni yo, ak fè enspeksyon peryodik, san avètisman nan kominikasyon imèl yo.

Medya sosyal

Rezo sosyal yo vin yon pati entegral nan lavi anpil moun, epi nou rekonèt ak respekte valè

mwayen sa yo pou resevwa ak pataje enfòmasyon epi devlope koneksyon pèsonèl ak pwofesyonèl. Si elèv yo angaje yo nan rezo sosyal lè yo pa nan lekòl la, yo dwe adopte menm valè ak konpòtman lè yo sou entènèt tankou lè yo pa sou entènèt nan bilding lekòl la:

- Se pou w yon zanmi, pa yon moun k ap fè asèlman sou moun, epi kenbe bagay yo pozitif
- Rete onèt
- Aksepte responsablite lè w fè erè epi eseye repare yo
- Sonje kalite a gen enpòtans li epi li difisil pou n pa di li enposib pou efase yon anprent sou entènèt konplètman
- Panse ak konsekans aksyon ou yo, ki gen ladan piblikasyon w yo

Yo mande tout manm nan kominote Ascend yo pou yo respekte direktiv sa yo nan itilize medya sosyal yo:

- Se pou klè nan pale pou tèt ou, epi se pa sou non Ascend oswa lekòl la
- Respekte dwaddotè, itilizasyon paspouki, ak lòt lwa sou divilgasyon
- Sèvi ak langaj respektab, epi fè atansyon pou evite langaj moun k ap li yo ta ka konsidere kòm langaj ki derespektan
- Pa pataje enfòmasyon konfidansyèl oswa enfòmasyon ki eksklizif sou Ascend oswa lekòl la
- Pa pataje okenn enfòmasyon sou elèv yo, ki gen ladan foto, enfòmasyon pou kontakte yo, non manm fanmi yo, oswa nenpòt lòt bagay espesifik pou nenpòt elèv ki enskri nan rezo a.
- Pa denigre Ascend oswa kominote eskolè a

Pwoteksyon jeneral

Yo pa dakò pou anplwaye yo "zanmi" oswa "swiv" elèv yo atravè medya sosyal yo.

Elèv yo dwe kenbe nan tèt yo risk ki genyen nan domèn sou entènèt yo, pa janm pataje sekre sou entènèt, epi kenbe modpas ak tout enfòmasyon pèsonèl yo an prive.

Gen de (2) lwa federal enpòtan ki fèt pou pwoteje timoun yo sou entènèt. Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive Timoun sou Entènèt (Children's Online Privacy Protection Act, COPPA) te an vigè nan lane 1998 pou pwoteje elèv ki poko gen 13 lane pou yo pa kolekte enfòmasyon pèsonèl yo san konsantman yon paran oswa yon responsab legal. COPPA se rezon ki fè anpil sit rezo sosyal mande pou patisipan yo dwe gen 13 lane oswa plis. Lwa sou Pwoteksyon Entènèt pou Timoun (Children's Internet Protection Act, CIPA) te anvigè nan lane 2000, epi li egzije pou lekòl yo bay filtraj Entènèt pou anpeche elèv yo gen aksè ak kontni ofansif. Ascend Public Charter Schools enstale yon filtè konsa epi li te adopte yon règleman sou sekirite entènèt ki konfòme l ak CIPA. Pou jwenn yon kopi règleman an, tanpri kontakte biwo lekòl la.

Nou pa fè diskriminasyon

Ascend Public Charter Schools akeyi tout elèv menm jan. Yo pral trete tout elèv yo jan yo trete tout moun epi yo p ap tolere lòt tretman akòz ras, koulè, orijin etnik, orijin nasyonal, sitiyasyon sitwayènte, sèks, oryantasyon seksyèl, sèks, andikap, relijyon oswa nenpòt lòt karakteristik lwa lokal, eta, oswa federal la pwoteje. Yon moun ki santi yo tap trete li yon lòt fason sou nenpòt kòz sa yo dwe pale ak yon konseye/travayè sosyal, ki pral enfòmè direktè lekòl la sou tout rapò. Nenpòt moun ki souleve

nenpòt preyokipasyon sou diskriminasyon sou nenpòt ki baz p ap fè fas ak reprezay dèske li te souleve yon preyokipasyon.

Règleman sou diyite pou tout elèv yo

Ascend Public Charter Schools pran angajman pou bay anviwònman aprantisaj san danje epi pwodikatif kote yo trete tout elèv avèk respè ak diyite. An akò ak Lwa Diyite Eta New York la pou Tout Elèv yo, chak lekòl ap trete san pèdi tan tout ensidan sou asèlman ak/oswa diskriminasyon tout elèv ki enskri nan yon lekòl Ascend lan fè oswa sibi. Sa gen ladan asèlman, pawòl piman bouk, oswa entimidasyon nan tout fòm li.

Dwa Elèv yo Okenn elèv pa dwe sibi asèlman oswa entimidasyon anba men anplwaye oswa elèv sou pwopriyete lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la. Anplis de sa, pa gen okenn elèv ki dwe sibi diskriminasyon akòz ras, koulè, pwa, orijin nasyonal, gwoup etnik, relijyon, pratik relijye, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks, oswa sèks, anba men anplwaye lekòl la oswa elèv ki sou pwopriyete lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la. Asèlman ka gen ladan, pami lòt bagay, itilizasyon, ni sou pwopriyete lekòl la ni lè w pa sou pwopriyete lekòl la, teknoloji enfòmasyon tankou imèl, mesaj enstantane, blòg, sal konvèsasyon, bipè, telefòn selilè, sistèm jwèt ak sit entènèt medya sosyal pou asele oswa menase lòt moun. Yo rele kalite asèlman sa a refere asèlman anliy, epi yo konsidere li kòm yon fòm asèlman, tankou entimidasyon.

Anplis de sa, chak lekòl gen dwa pou disipline elèv, dapre Kòd Konduit nou an, ki angaje nan sè asèlman sou elèv ki pa sou pwopriyete lekòl la nan sikonstans kote konduit sa yo lè w pa nan lekòl la: 1) gen enpak sou pwosesis edikatif la; 2) aktyèlman mete an danje sante ak sekirite elèv Ascend yo; oswa 3) yo kwè li reprezante yon danje pou sante ak sekirite elèv nou yo nan sistèm edikasyon an. Sa gen ladan l asèlman alekri epi/oswa vèbal, tankou asèlman anliy, ki deranje yon fason materyèl ak konsiderab fonksyonman ak disiplin lekòl la epi/oswa responsab lekòl yo prevwa ki kapab deranje travay edikasyon ak kilti lekòl la nan yon fason materyèl ak konsiderab.

Kowòdonatè Lwa sou Diyite (Dignity Act Coordinator, DAC). Chak lekòl gen yon Kowòdonatè Lwa sou Diyite (Dignity Act Coordinator, DAC) yo deziyen. DAC resevwa fòmasyon pou jere relasyon imen nan domèn ras, koulè, pwa, orijin nasyonal, gwoup etik, relijyon, pratik relijye, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks, ak sèks. DAC ap abòdab pou elèv ak anplwaye pou konsiltasyon ak konsèy. Enfòmasyon pou kontakte DAC pou chak lekòl la ap afiche sou sit entènèt lekòl la.

Kourikoulòm. Lekòl la dwe fè edikasyon sou asèlman ak asèlman anliy kòm yon pati nan kourikoulòm edikasyon sou karaktè li a nan chak klas. Enstriksyon an adapte ak laj, epi li fèt pou sipòte pou yo kenbe yon anviwònman ki pa gen entimidasyon, asèlman, ak diskriminasyon.

Devlopman Pwofesyonèl Chak lekòl dwe bay tout anplwaye anyèl devlopman pwofesyonèl sou Lwa sou Diyite pou tout Elèv yo ak règleman sa a, ki dwe trete modèl sosyal asèlman an, entimidasyon, ak diskriminasyon, ki gen ladan men ki pa limite a zak sa yo ki baze sou ras reyèl yon moun oswa ras yo apès, koulè, pwa, orijin nasyonal, gwoup etnik, relijyon, pratik relijye, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks, oswa sèks; idantifikasyon ak rediksyon asèlman, entimidasyon ak diskriminasyon; ak estrateji pou trete pwoblèm eskizyon, prejije, ak agresyon yon fason efikas nan anviwònman edikasyon yo.

Rapò ak ankèt. Tout manm estaf yo responsab pou rapòte asèlman yo okouran de yo a bay sipèvizè imedyat yo a oswa direktè lekòl yo a nan yon (1) sèl jou lekòl, epi yo dwe ranpli yon rapò alekri nan lesplas de (2) jou lekòl aprè avi a.

Nenpòt elèv ki kwè yo te sibi asèlman, ansanm ak nenpòt lòt moun ki konnen oswa ki te temwen nenpòt asèlman ki te fèt, dwe rapòte asèlman an bay nenpòt manm estaf la, DAC, oswa bay direktè

lekòl la. Yon manm estaf ki temwen yon asèlman oswa ki resevwa yon rapò sou asèlman dwe enfòme direktè lekòl la.

Direktè lekòl la dwe mennen ankèt san pèdi tan sou plent lan epi pran mezi apwopriye ki ka gen ladan, si sa nesèsè, rekòmandasyon bay konsèy administrasyon an oswa yon reprezantan li. Kesyon swivi, disiplin, ak/oswa siveyans apwopriye sou moun ki fè asèlman an ak viktim lan dwe fèt pou asire asèlman an pa rekòmanse epi moun ki enplike nan ankèt sou akizasyon sou asèlman an pa te sibi vanjans.

Yon pral rapòte ensidan materyèl diskriminasyon ak asèlman sou lakou lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la bay Depatman Edikasyon Leta a jan lalwa egzije sa.

Pa fè vanjans. Ascend Public Charter Schools entèdi konpòtman vanjans kont moun ki pote plent, viktim, temwen, ak/oswa nenpòt lòt moun ki patisipe nan rapòte ak moun ki patisipe nan ankèt sou akizasyon asèlman. Tout moun ki pote plent ak moun ki patisipe nan ankèt sou yon plent an konfòmite avèk lwa eta a ak règleman sa a, ki te aji yon fason rezonab ak bòn fwa, gen dwa pou yo pa sibi tout fòm vanjans.

Règleman pou Sipò Elèv Transjan ak sa ki divèsifye yo

Objektif

Ascend Charter Schools (Ascend) angaje nan kreye yon anviwònman lekòl ki san danje, enklizif, ak jwaye pou tout elèv yo.

Règleman an gen pou objektif pou bay estaf Ascend lan konsèy sou kòman pou yo sipòte elèv transjan ak sa ki divèsifye yo pou nou kreye ak kenbe yon anviwònman lekòl ki san danje, enklizif, ak afimatif kote tout elèv yo ka epanouyi san yo pa wont tèt yo.

Kad lejislatif ak règleman yo ranfòse règleman an epi sipòte Ascend pou reponn ak egzijans lejislatif li yo ak angajman l pou divèsite, ekite, enklizyon, ak antirasis la.

Yo dwe li règleman an ansanm avèk Gid pou Sipò Elèv LGBTQIA+ yo ak Règleman sou Diyite pou Tout Elèv yo.

Pòte

Règleman sa a aplike pou tout estaf ak elèv nan tout Ascend Public Charter School yo.

Kad lejislatif

Ascend gen yon responsablite lejislatif pou sipòte elèv transjan ak sa ki divèsifye yo. Kad lejislatif ak règleman ki ranfòse règleman sa a gen ladan:

- [Deklarasyon Angajman DEIA Ascend lan](#)
- Règleman san diskriminasyon ak Diyite pou tout Elèv yo nan Manyèl Fanmi an
- [Tit IX nan Amanman Edikasyon 1972 la](#)
- [Lwa sou Diyite pou Tout Elèv yo \(Dignity for All Students Act, DASA\)](#)
- [Lwa sou Opòtinite Edikasyon Egal 1974 la \(Equal Educational Opportunities Act, EEOA\)](#)

- [Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la](#)
- [Lwa sou Dwa Moun Eta New York la](#)
- [Lwa sou Dwa Moun Vil New York la](#)
- [Gid Depatman Edikasyon Vil New York la pou Sipòte Elèv Transjan ak Sa ki Divèsifye yo](#)
- Règleman A-830, A-831, A-832 Chanselye Depatman Edikasyon Vil New York la

Tèminoloji ak definisyon

- Sisjan oswa sis: Oswa "sis" pou pi kout, se yon moun idantite seksyèl li koresponn ak sèks yo te ba li nan nesans li.
- Sèks Divèsifye: Se tèm jeneral ki ka anglobe tout idantite ki pa sisjan yo. Yo transmèt yon seri idantite ak/oswa ekspresyon seksyèl ki pi laj ak pi fleksib pase sa yo asosye jeneralman ak sistèm sèks binè a. Yon moun ki gen karakteristik sèks ak/oswa konpòtman ki pa konfòm ak atant tradisyonèl oswa sosyete nan sa ki gen pou wè ak sèks.
- Ekspresyon Sèks: Fason yon moun prezante idantite seksyèl yo atravè nòm sosyal yo. Sa gen ladan fason nou abiye, cheve nou, fason nou pale, konpòtman nou, ak enterè elatriye.
- Idantite Seksyèl: Fè referans ak santiman entèn epi pwofon yon moun santi dèske li se yon nonbinè, fi, gason, toulede, ni yun ni lòt, oswa lòt. Tout moun gen yon idantite seksyèl. Idantite sa a ka oswa ka pa koresponn ak sèks yo te ba yo nan nesans lan.
- Entèseks: Yon tèm jeneral ki dekri moun ki fèt ak anatomi repwodiksyon oswa seksyèl, òmòn, ak/oswa yon modèl kwomozòm yo pa ka klase jeneralman kòm gason oswa fi.
- LGBTQIA +: yon tèm jeneral pou anglobe divèsite sèks, idantite seksyèl, ekspresyon sèks, oryantasyon seksyèl, ak varyasyon entèseks. Lèt ki nan akwonim lan vle di lezbyèn, omoseksyèl gason, biseksyèl, transjan, pederas, entèseks, ak moun ki pa entèrese ak sèks, ak plis la vle di anpil lòt idantite ak fason yo ye ki soti nan akwonim sa a.
- Transjan: Yon tèm jeneral yo itilize pou dekri moun kote idantite seksyèl yo diferan pase sèks yo te ba yo nan nesans oswa nan sosyete a.

Deklarasyon politik

Ascend Charter Schools pran angajman pou bay yon kilti cho, ki bay sipò, epi jwaye kote yo valorize, respekte, ak renmen chak elèv. Nou kwè chak elèv dwe santi yo an sekirite, yo gen valè, epi yo enkli nan lekòl la pou yo ka epanouyi san yo pa wont tèt yo.

Ascend rekonèt nan anpil lekòl elèv transjan ak sa ki divèsifye yo, patikilyèman elèv transjan ak sa ki divèsifye ki Nwa ak moun ki gen koulè yo, yo plis gen chans pou yo santi yo an sekirite, yo fè fas ak vyolans, diskriminasyon, asèlman, ak entimidasyon, ak fè fas ak depresyon, enkyetid, ak swisid.

Ascend rekonèt ak bay elèv transjan ak sa ki divèsifye yo valè nan kominote lekòl nou yo. Nou angaje nou yon fason aktif ak entansyon nou pou n deranje konpòtman ak sistèm ki ka fè lekòl yo pa an sekirite pou elèv transjan ak sa ki divèsifye yo pou tout elèv nou yo benefisye yon anviwònman aprantisaj san danje, enklizif, ak afimatif.

Kreye yon anviwònman lekòl enklizif pou tout elèv yo

Ascend angaje nan bay yon anviwònman kote tout manm nan kominote Ascend lan santi yo an sekirite epi yo respekte yo ak trete yo ak diyite. Tout manm nan kominote Ascend lan gen dwa pou

gen oryantasyon seksyèl yo, sèks, idantite seksyèl, ak ekspresyon sèks lekòl yo ak kominote Aprantisaj Ascend lan rekonèt ak respekte.

Chak manm nan kominote Ascend lan gen dwa pou:


- yo adrese yo nan non ak pwonon ki koresponn ak idantite seksyèl yo, yo revandike nan lekòl la,
- sèvi ak twalèt, amwa, ak lòt enstalasyon lekòl la ki reflekte idantite seksyèl yo nan bilding Ascend yo,
- abiye yon fason ki reflekte ekspresyon sèks yo, an akò avèk règleman ki aplikab ak inifòm ak kòd abiman an, ak
- patisipe nan aktivite lekòl yo ak evènman ki separe pa sèks an akò avèk idantite seksyèl yo.

Pwosesis pou sipòte elèv transjan ak sa ki divèsifye yo ki afime sèks yo nan lekòl la

Ascend rekonèt pwosesis afimasyon sèks chak moun pwofondman pèsònèl ak inik. Si yon elèv pataje yo ta renmen afime sèks yo nan lekòl la, estaf la dwe:

1. Koute pou konprann epi san jijman
2. Demontre konpreyansyon, akseptasyon, ak konpasyon
3. Asire w elèv la an sekirite. Si manm estaf la enkyete elèv la an danje pou tèt yo oswa pou lòt moun yo dwe kontakte doktè lekòl la ak direktè lekòl la imedyatman
4. Konekte elèv la ak doktè lekòl la ak lòt sèvis sipò pou sipòte elèv la pou devlope yon plan afimasyon sèks.

Doktè lekòl la responsab pou devlope plan afimasyon sèks la an patenarya ak elèv la. Yo dekri pwosedi sou kòman pou devlope plan an anba a.



Vi Prive ak konfidansyalite

Yo konsidere enfòmasyon sou oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ekspresyon sèks, ak estati entèsèks yon elèv kòm enfòmasyon prive ak konfidansyèl. Estaf la pa ka divilge enfòmasyon sa yo sou yon elèv bay lòt moun, ki gen ladan fanmi yo, san konsantman elèv la, sof si yo pè pou sekirite elèv la oswa sekirite lòt moun.

Lè w ap pataje enfòmasyon sou idantite seksyèl oswa oryantasyon seksyèl yon elèv san konsantman yo estaf la dwe sèlman pataje enfòmasyon sa yo ak ki bezwen konnen yo. Jeneralman sa vle di doktè lekòl la ak direktè lekòl la. Doktè lekòl la ak direktè lekòl la ap travay pou devlope yon plan sekirite pou elèv la ak kowòdone nenpòt lòt sipò ak fanmi elèv la oswa moun k ap ba li swen yo.

Anpeche ak fè fas ak diskriminasyon, asèlman, ak entimidasyon

Chak manm nan kominote lekòl la responsab pou devlope ak kenbe yon anviwònman lekòl ki san danje, enklizif, ak akeyan pou tout manm nan kominote a, ki gen ladan elèv LGBTQIA+ yo. Ascend gen zewo tolerans pou tout fòm diskriminasyon, asèlman, ak entimidasyon. Yo pral trete ka diskriminasyon, asèlman, ak entimidasyon an akò ak règleman san diskriminasyon ak Diyite pou Tout Elèv nan Manyèl Fanmi an.

Elèv ki nan lojman tanporè yo

Ascend angaje nan asire l pou elèv ki pa gen kote pou yo rete yo oswa elèv ki nan lojman tanporè yo resevwa menm pwogram ak sèvis menm jan ak kamarad yo ki nan rezidans pèmanan.

An akò avèk Lwa sou Èd pou Sanzabri McKinney-Vento federal la, jan sa amande nan Lwa Chak Elèv Reyisi a ak Seksyon §3209 Lwa sou Edikasyon an, yon elèv kalifye pou sipò ki parèt nan règleman sa a si yo pa gen yon rezidans fiks, regilye epi adekwa pou nwit lan. Sa gen ladann yon elèv ki:

- Ap viv avèk yon zanmi, fanmi oswa yon lòt moun paske fanmi yo pèdi lojman yo akòz difikilte ekonomik, oswa yon rezon ki sanble, oswa ap viv nan yon motèl, otèl, pak trelè, oswa teren kanpin akòz mank lojman altènatif adekwa, oswa
- Ap viv nan yon abri ki fèt pou bay lojman pou yon ti tan (tankou otèl komèsyal, abri kolektif, ak lojman tranzisyon pou moun ki malad mantalman), oswa
- Ap viv nan yon kote piblik oswa prive ki pa fèt oswa itilize kòm lojman pou moun dòmi ki regilye, oswa
- Ap viv nan machin, pak, espas piblik, bilding abandone, lojman medyòk, otobis oswa estasyon tren oswa anviwònman ki sanble ak sa yo.

Ajan lyezon an McKinney-Vento lekòl la ede elèv yo enskri oswa transfere lekòl yo epi jwenn èd transpò ak lòt sèvis yo kalifye pou yo. Ascend pran mezi pou idantifye yon fason afimatif tout elèv ki nan lojman tanporè, ak estaf lekòl la ki vin okouran yon elèv ki nan lojman tanporè ap kontakte ajan lyezon an McKinney-Vento.

Yon elèv yo idantifye kòm yon moun k ap viv nan lojman tanporè benefisye dwa sa yo kòm sa ki gen rapò ak enskripsyon:

- Elèv la ka ale nan lekòl orijin lan (lekòl li te ale ladan lè li te nan lojman pèmanan an oswa lekòl kote li te enskri dènye fwa a) oswa lekòl kote li rete kounye a (lekòl ki klase pou adrès kote elèv la ap viv kounye a).
- Lekòl la pral enskri elèv la imedyatman, menm si paran an pa kapab pwodwi dosye ki nòmalman obligatwa pou enskripsyon an. Ekip enskripsyon lekòl la ap ede paran yo jwenn dokiman sa yo. Si yo pa ka jwenn dosye vaksinasyon an, y ap refere paran an nan yon klinik vaksinasyon san randevou. Elèv la ap antre imedyatman lekòl la pandan y ap lokalize oswa verifye prèv nesans, vaksinasyon, ak lòt dosye lekòl.
- Nan lespas senk (5) jou apre yo resevwa demann yon nouvo lekòl pou dosye lekòl la, <<lekòl>> la ap voye, nan yon fason ki konsistan avèk lwa leta ak federal la, yon kopi konplè dosye elèv la.
- Si elèv la chanje lekòl pandan li nan pwosesis yon evalyasyon oswa revizyon pou edikasyon espesyal, lekòl kote elèv la enskri kounye a ta dwe fin fè evalyasyon an oswa revizyon an.

- Pandan fanmi yo pral nan lojman pèmanan, elèv yo gen dwa pou yo rete nan lekòl yo ye kounye a jiska klas tèminal.

Yon elèv yo idantifye kòm yon moun k ap viv nan lojman tanporè benefisye dwa sou edikasyon sa yo:

- Tout elèv k ap viv nan lojman tanporè yo kalifye pou transpò gratis.
 - Paran elèv ki nan klas Jaden danfan jiska 6yèm ane ki resevwa yon Metrocar, yo kalifye pou jwenn Metrocard pou 14 jou pou akonpaye pitit yo ale/soti lekòl. Asistan Direktè Operasyon an ap bay parn yo kat sa a bay si yo mande sa.
- Tout elèv nan Ascend resevwa manje maten ak manje midi gratis. Yo p ap mande elèv k ap viv nan lojman tanporè yo pou yo ranpli yon aplikasyon repa gratis oswa pri redwi.
- Prezans regilye lekòl la gen anpil enpòtans, epi lekòl la dwe fè tout efò posib pou asire prezans regilye. Si yon elèv gen prezans mòdelage, lekòl la ap kontakte paran an pou idantifye sèvis ki nesèsè yo.
- Elèv k ap viv nan lojman tanporè, ki gen ladan elèv ki andikape yo, yo dwe resevwa sèvis ki konparab ak sèvis yo bay lòt elèv nan lekòl la. Sepandan, si yo te limite espas ki nan yon pwogram patikilye pou tout elèv yo, yo p ap fè eksepsyon pou elèv ki sanzabri yo.
- Y ap trete enfòmasyon sou yon elèv ki nan sitiasyon k ap viv nan lojman tanporè kòm yon dosye eskolè konfidansyèl. Yo p ap konsidere li kòm enfòmasyon anyè dapre Lwa sou Dwa pou Edikasyon Fanmi ak Lwa sou Vi Prive (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA).

Rezolisyon dispit

